

PAGE 1

CPS
Lekòl Piblik Cambridge

Gid Règleman pou Elèv ak Paran

TOUT fòm yo ki nan livrè *Fòm Ekzijib pou Elèv*
dwe ranpli epi retounen ak elèv yo
bay pwofesè klas jeneral la
PREMYE JOU LEKOL LA.

Piblikasyon sa disponib an Anglè, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Espayòl, Chinwa ak Koreyen nan Sant Resous pou Fanmi epi nan lekòl yo.

PAGE 2

Manyèl sa pa genyen pretansyon yon anyè konplè tout lwa ak règleman ki genyen rapò ak elèv ansanm ak paran ak reskonsab yo. Lwa federal ak eta a ansanm ak règleman Lekòl Piblik Cambridge, pwosedi, ak pratik sijè a chanjman. Anpil nan règleman CPS yo aksesib a pati sit entènèt nou nan <http://www.cpsd.us>. Ou kapab mande Manyèl Dwa ak Reskonsablite ansanm ak règleman endividyèl nan lekòl pitit ou.

Se Biwo Enfòmasyon Piblik ak Kominikasyon ki pibliye *Gid Règleman pou Elèv ak Paran*, Lekòl Piblik Cambridge, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141, (617) 349-6512.

Lekòl Piblik Cambridge se yon patwon ki bay chans egal epi li angaje l pou founi pwogram ansèyman kalite pou tout elèv. CPS pa fè diskriminasyon baze sou ras, koulè, sèks, relijyon, orijin, andikap, laj oubyen oryantasyon seksyèl.

DENYE MISA JOU OUT 2009

PAGE 3

Tab Matyè

- 2 ENTIMITE ELEV
- 2 DOSYE ELEV
- 2 Divilgasyon Enfòmasyon de Baz bay Moun kap fè Rekritman pou Lame, Patwon Potansyèl, Lekòl Ansèyman Siperyè ak Inivèsite
- 2 AVI DWA ANBA LWA SOU DWA EDIKASYON FANMI AK VI PRIVE

	(FERPA)
3	Ekzamen Estandadize
3	EDIKASYON SEKSYEL
3	KONTRENT FIZIK
3	KOD KONDWIT
3	Entwodiksyon
4	Filozofi
4	Konpòtman ak Règleman Disiplin
4	Règleman sou Dròg
4	Bleu (bizitaj)
5	Fimen: Politik San -Tabak
5	Agresyon Anplwaye
5	Etidyan yo Akize oubyen Kondane pou yon Krim
6	Vandalism
6	Batay/Agresyon Fizik
7	Entimidasyon sou Entènèt
7	Règelman sou Zam
7	Pwosedi Disiplin (Jijman nan bon ti mamit)
7	Sispansyon
8	Ekspilasyon
9	Pwosesis Dolemans Elèv
9	Patisipasyon nan Aktivite Paraeskolè
9	Abi sou Timoun (Rapò Ekzijib 51A)
10	Timoun ki Bezwen Sèvis (CHINS)
10	Prezans
10	Lekòl Bwisonyè ak Delenkan abityèl Lekòl
11	Swen ak Aksyon Pwoteksyon
11	Fouy ak Enterogasyon Elèv
11	Absans san eksplikasyon oubyen Disparisyon
12	Transpò
12	Dwa ak Privilèj
12	Règleman Lojman Rezonab ak Pwosedi
12	Avi Dwa Anba Lwa 1973 sou Reedikasyon Seksyon 504
13	Edikasyon Espesyal
13	Politik Aksyon Pozitif
13	Lyezon Edikasyon pou san abri
13	Libète Rasanbleman
14	Libète la pawòl
14	Libète Moun
14	Règleman Non-Diskriminasyon ak Entèdiksyon kont Asèlman Seksyèl

- 15 Koòdonatè Tit IX
- 15 Libète Relijyon
- 15 Konsèy sou Sèman Alejans
- 15 Vizitè Lekòl
- 15 Kazyè Elèv

- 16 REGLEMAN JENERAL
- 16 Règleman sou Itilizasyon Akseptab Rezo Enfòmatrik
- 17 Kòd Etik sou Pwogram
- 17 Règleman Kont Entimidasyon
- 18 Dosye Enfòmasyon Delenkan Kriminèl
- 18 Règleman sou Eskisyon
- 19 Vaksinasyon
- 19 Patisipasyon Paran/Fanmi
- 19 Promosyon ak Retansyon
- 19 Preskripsyon Medikaman ak Alèji ak Manje

SEPARATE INSERT:

FOM EKZIJB POU ELEV RANPLI, SIYEN & RETOUNEN

PAGE 4 - 22

Entimite Elèv

Lekòl Piblik Cambridge chèche garanti entimite elèv ki enskri nan lekòl li yo yon fason ki an akò ak lwa federal epi Eta a, tankou “Federal Family Educational Rights Privacy Act ak Massachusetts student records regulations” ansanm ak Règleman sou Entimite Elèv Komite Lekòl Cambridge yo. Pou plis enfòmasyon sou pwoblèm entimite elèv, kontakte direktè lekòl ou a.

Amandman Dwa Pwoteksyon Elèv “The Protection of Pupil Rights Amendment “(PPRA), seksyon 1232h tit 20 nan Kòd Eta Zini, mande pou lekòl yo fè konnen epi jwen konsantman oubyen pèmèt ou pou chwazi pou pitit ou pa patisipe nan kèk aktivite lekòl la. Aktivite sa yo konprann sondaj elèv, analiz oubyen evaliyasyon ki konsène yonn oubyen plis nan domèn sa yo: afilyasyon politik oubyen kwayans elèv la oubyen paran elèv la; (2) pwoblèm mantal oubyen pwoblèm sikolijik elèv la oubyen fanmi elèv la; (3) konpòtman seksyèl oubyen atitid; (4) konpòtman avilisman oubyen rabesman pèsone, ilegal, anti-sosyal; (5) evaliyasyon kritik lòt moun ke repondan an genyen relasyon fanmi pre; (6) relasyon privilejye ke yo rekonèt legalman, tankou ak avoka, doktè oubyen pastè; (7) pratik relijye, afilyasyon oubyen kwayans elèv la; oubyen (8) revni, a kote sa la lwa mande pou detèmine kalifikasyon pou pwogram. Obligasyon sa aplike tou nan ramasaj, divilgasyon oubyen itilizasyon enfòmasyon elèv pou fè pwomosyon ak sèten ekzamen fizik ak despistaj. An akò ak Règleman Entimite Lekòl Piblik Cambridge yo, direktè lekòl pitit ou a ap fè ou konnen kenpòt aktivite ki mande avi paran ansanm ak konsantman oubyen pou pa patisipe pandan ane eskolè a.

Dosye Elèv

Dapre Lwa Massachusetts, yon paran kenpòt elèv, oubyen yon elèv ki kòmanse 9èm ane oubyen ki genyen omwen 14 ane, genyen dwa, lè yo fè demann la, verifye dosye elèv sa. Paran an oubyen elèv elijib la dwe resevwa dosye sa pa pita ke 10 jou apre demann la, epi yo kapab mande pou yon pwofesyonèl kalifye entèprete dosye a oubyen pou direktè a rektifye dosye a. An plis, an 1998, Massachusetts pase yon lwa ki etabli pwosedi espesifik ke lekòl piblik yo dwe swiv anvan yo bay yon paran ki pa genyen gad timoun nan dosye elèv la. Yo dwe adrese tout demann pou wè dosye elèv bay direktè lekòl elèv la.

Lekòl Piblik Cambridge divilge enfòmasyon sa yo san konsantman paran/reskonsab: non elèv la, klas, patisipasyon nan aktivite ke yo rekonèt ofisyèlman, adezyon nan ekip atletik, diplòm, onè ak prim epi plan apre lekòl segondè. Si ou pa vle yo divilge enfòmasyon sa yo san konsantman ou, ou dwe fè direktè lekòl ou a konnen a lekri avan 1er Oktòb chak ane eskolè. Yo mete yon fòm non- patisipasyon pou ranpli nan livrè sa pou elèv ak paran/reskonsab sa yo ki pa vle divilge enfòmasyon sa yo konplete.

Kopi règleman eta a sou dosye elèv ak dwa paran ak elèv sou dosye elèv disponib nan chak lekòl.

Divilgasyon Enfòmasyon Kontak de Baz bay Moun kap fè Rekritman pou Lane, Patwon Potansyèl, Lekòl Ansèyman Siperyè ak Inivèsite.

Yon dispozisyon “*No Child Left Behind Act of 2001*”, yon lwa federal, ki mande lekòl segondè yo lè yo resevwa demann pou divilge non, adrès ak nimewo telefòn elèv ki enskri nan lekòl segondè bay moun kap fè rekritman pou lane United States, lekòl ansèyman siperyè, inivèsite ak lòt enstitisyon ansèyman epi patwon potansyèl. Elèv Segondè yo ak paran/reskonsab yo genyen chwa pou yo mande pou lekòl segondè yo pa divilge enfòmasyon de baz yo lè yo resevwa yon demann konsa. Si, sepandan, elèv lekòl segondè yo ak/oubyen paran/reskonsab yo pa pran devan pou anpeche yo divilge enfòmasyon sa yo, la lwa mande ke yo divilge enfòmasyon kontak yo si yo resevwa demann. Yo mete yon fòm non- patisipasyon pou ranpli nan livrè sa pou elèv ak paran/reskonsab sa yo ki pa vle yo divilge enfòmasyon kontak yo.

Avi Dwa Dapre Lwa sou Entimite ak Dwa Fanmi Edikatif (FERPA)

“Family Educational Rights And Privacy” (FERPA) bay paran ak elèv ki genyen plis pase 18 ane (elèv ki elijib) sèten dwa nan sa ki genyen rapò ak dosye edikasyon elèv la. Dwa sa yo se:

Dwa pou verifye epi revize dosye edikatif elèv la nan 45 jou a pati de jou lekòl la resevwa demann la.

Paran oubyen elèv elijib dwe voye yon demann ekri bay direktè lekòl la ki idantifye dosye yo ta renmen verifye a. Fonksyonè lekòl la ap fè aranjman pou jwen aksè ak dosye a epi fè paran oubyen elèv elijib la konnen lè ak ki kote yo kapab revize dosye a.

Dwa pou mande rektifikasyon dosye edikatif elèv la ke paran oubyen elèv elijib la kwè ki pa korèk oubyen ki pa vre. Paran oubyen elèv elijib la ka mande pou lekòl la rektifye yon dosye ke yo panse pa korèk oubyen pa vre. Yo dwe ekri direktè lekòl la, idantifye pati nan dosye a yo ta renmen chanje, epi presize pouki sa li pa korèk oubyen pa vre. Si lekòl la deside pou l pa fè rektifikasyon an jan paran oubyen elèv elijib la mande, lekòl la ap fè paran oubyen elèv elijib la konnen desizyon an epi konseye yo sou dwa pou mande yon odyans sou demann rektifikasyon an. Yap bay paran oubyen elèv elijib la lòt enfòmasyon nan sa ki gen awè ak pwosedi odyans la lè yo fèl konnen ke yo gen dwa pou yon odyans

Dwa pou aksepte divilgasyon enfòmasyon pèsònèlman idantifyab nan dosye edikasyon elèv la, eksepte nan limit kote FERPA otorize divilgasyon san konsantman. Yon eksepsyon ki pèmèt divilgasyon san konsantman, se pataj ak fonksyonè lekòl ki genyen yon enterè edikatif lejitim. Yon fonksyonè lekòl se yon moun ke lekòl la anplwaye tankou administratè, sipèvizè, anseyan ak manm ekip sipò (tankou

anplwaye santé ak medical, anplwaye inite ranfòsman la lwa polis); yon moun oubyen konpayi ke lekòl la siyen kontra avèl pouf è yon travay espesyal (tankou yon avoka, konsiltan medical oubyen terapis); yon moun ki fè pati yon komite ofisyèl, tankou komite doleyans, oubyen yon moun kap ede fonksyonè yon lòt lekòl fè travay la. Yon fonksyonè lekòl genyen yon enterè edkatif lejitim nan revizyon yon dosye edikasyon. Lè yo resevwa demann la, lekòl la ap san konsantman transmèt dosye edikatif yo bay fonksyonè yon lòt distrik lekòl ke elèv la ap chèche oubyen genyen entansyon enskri ladan l.

Dwa pou depoze yon plent nan Depatman Edikasyon United States konsènan mankman lekòl la pou koube l a kondisyon FERPA. Non ak adrès biwo ki jeer FERPA se:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington, D.C. 20202-4605

Ekzamen Estandadize

Lekòl Piblik Cambridge administre, sou yon baz anyèl, MCAS nan nivo siperyè tankou Depatman Edikasyon Massachusetts deside. An plis, sou yon baz anyèl, Lekòl Piblik Cambridge administre MELA-O epi MEPA pou elèv kap Aprann Lang Anglè, kòm sa dwa, dapre ekzijans Depatman Edikasyon Massachusetts.

Edikasyon Seksyèl

La lwa ekzije lekòl yo pou avize paran yo de pwogram ki genyen rapò prensipalman ak edikasyon seksyèl oubyen pwoblèm sou seksyalite moun. Chak prentan yo voye yon lèt lakay elèv yo sou pwogram edikasyon santé ki dekri leson sou seksyalite ke yo kapab devlope nan chak klas. Paran pa genyen pou bay pèmision pou pitit yo patisipe nan klas sa yo, men yo genyen dwa pou mande pou pitit yo pa pran klas sa yo. Pou sa paran yo ka voye yon lèt bay direktè lekòl la pou mande retire pitit yo nan leson sa yo. kenpòt paran ki ta renmen revize materyèl yo, ka pale ak pwofesè pitit yo oubyen ak Dirijan Pwogram Edikasyon Sante a, Kim DeAndrade at 617-349-6851.

Kontrent Fizik

Lekòl Piblik Cambridge chèche fè pwomosyon yon lye travay sekirite ak pwodiktif epi yon anviwonman edikatif pou tout anplwaye ak elèv li yo, epi asire ke elèv li yo pa sibi itilizasyon kontrent fizik ki pa rezonab. Yo dwe itilize kontrent fizik ak anpil prekosyon nan sitiasyon ijan, apre lòt altènatif mwen deplezan pa mache oubyen jije inapwopriye. Pou plis enfòmasyon sou pwosedi kontrent fizik ak direktif lekòl la, kontakte direktè a.

Kòd Kondwit (Règleman)

Entwodiksyon

Chak lekòl genyen pwop règ pa yo – ke yo rele règ de baz – ke yo attan pou elèv yo respekte. Si yon elèv pa respekte yon règ de baz lekòl la, yo kapab mete l nan pinisyon. Se yon komite administratè, pwofesè, paran ak elèv lekòl premye ane segondè yo nan chak lekòl ki ekri règ de baz yo, epi chak prentan yo revize yo. Yo afiche règ de baz lekòl yo nan chak sal klas epi yo voye yon kopi lakay chak elèv chak septanm. An plis pou swiv tout règ de baz lekòl la, chak lekòl dwe swiv kòd kondwit ki etabli nan Livrè Dwa ak Reskonsablite Lekòl Piblik Cambridge. Livrè Dwa ak Reskonsablite a fè lis règ pou tout elèv swiv. Yo kapab sispann oubyen mete deyò nan lekòl la yon elèv ki pa respekte règ sa yo. Tou de, règ de baz lekòl la ak Livrè Dwa ak Reskonsablite a,

reji konpòtman elèv yo lè yo nan lekòl la, nan yon aktivite ke lekòl la patwone, epi sou wout pou yo vini oubyen sòti lekòl. .

Yo bay anba a yon rezime Livrè Dwa ak Reskonsablite a. Ou kapab twouve yon kopi règ de baz lekòl pitit ou prale a nan direksyon lekòl la. Ou kapab jwen tou yon kopi Livrè Dwa ak Reskonsablite nan direksyon lekòl la.

An plis, yo bay piba a deskripsyon pa twò long règleman varye lekòl Piblik Cambridge, tankou règleman anti-diskriminasyon. Pou yon kopi konplè kenpòt nan règleman sa yo, kontakte direktè lekòl la.

Filozofi

Règleman Komite Disiplin Lekòl Cambridge konseye tout pèsonèl lekòl yo vivman pou ede elèv yo rezoud pwoblèm kondwit san yo pa bezwen pran aksyon disiplin ekstrèm. Move kondwit yon elèv kapab siy ekzistans anba chal pwoblèm ki pi konplike ke elèv la kapab genyen ak lekòl, sosyete, epi lekòl primè yo dwe fè tout efò pou ede elèv yo ansanm ak paran oubyen moun kap pran swen yo regle pwoblèm sa yo efektivman. Yo toujou rekòmande sispansyon oubyen ekspilsyon kòm dènye rekou. Yo ankouraje anplwaye lekòl yo pou pouswiv epi itilize tout lòt konsekans oubyen aksyon disiplin disponib epi apwopriye pou ankouraje edikasyon ak bon kondwit yon elèv anvan li gen rekou ak sispansyon.

Lekòl yo dwe eseye travay ak timoun a risk yo sou yon baz yon yon, eseye jwen sous pwoblèm nan epi konseye yon altènatif. Pafwa li nesèsè pou fè reyinyon ak paran oubyen moun kap pran swen timoun nan, oubyen fè yon vizit a domisil. Kominikasyon ant lekòl la ak kay la primòdyal anpil pou jwen rezilta. Konseye lekòl oubyen sikològ yo se yon resous pou fè rekòmandasyon epi jwen solisyon. Medyasyon ant kanmarad, pwofesè konseye, pwogram Gran Frè ak Gran Sè Big Brothers and Sisters se resous valab tou. Cambridge genyen chans anpil pou l genyen ekip devlopman sosyal ki reyaktif epi primòdyal pou bezwen elèv ak pwoblèm yo. Kèk ekzanp ekip sa yo: Ekip Sipò Elèv (SSTs); Ekip Asistan Pwofesè (TATs); epi Ekip Repons Administratif (ARTs). Ou kapab jwen deskripsyon ekip sa yo nan seksyon sèvis sipò pou elèv. Ajans kominotè yo se patnè primòdyal nan bay bon jan sèvis sipò. Ajans sa yo bay ekip lekòl yo konsèy valab epi travay endividyèlman oubyen an gwoup. Kalite sèvis prevansyon sa yo se bon mwayen disyasyon pou konpòtman inapwopriye, sispansyon potansyèl, epi petèt, pi devan, pouse timoun nan kite lekòl.

Règleman pou Disiplin ak Konpòtman

Règleman pou Dwòg

Yon elèv an kontravansyon ak règleman sou dwòg la si yo jwen li nan lokal lekòl la, bis, oubyen aktivite ki gen rapò oubyen ke lekòl la patwone, tankou match, an posesyon sibstans ki kontwole tankou yo defini nan Chapit 94C konprann, men pa limite a: marijuana, kokayin oubyen eroyin. Nan ka sa yo, direktè a ap mete yon elèv deyò.

Bizitaj (Ble)

Ble vle di kenpòt kondwit oubyen metòd inisyasyon sou yon elèv klas oubyen gwoup, ke se sou yon pwopriete prive oubyen piblik, ki mete delibereman oubyen ak ensousyans kenpòt elèv an danje fizik oubyen mantal. Yo mande pou tout elèv segondè siyen yon deklarasyon Depatman Edikasyon Eta a sou Ble.

Ble elèv an kontravansyon ak règleman lekòl la. Yo ka mete an sispansyon elèv ki patisipe nan aktivite ble. Yap depoze yon plent kriminèl. Yo distribye enfòmasyon an rapò ak sijè sa bay tout elèv nan rantrè lekòl.

Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 269, Seksyon 17

Krim Bizitaj (Ble); Definisyon; Pèn

Kenpòt kilès ki se òganizatè prensipal krim ble a, tankou yo defini l anba a, dwe resevwa yon pèn ki kapab yon amann ki pa plis ke 3 mil dola oubyen anprizonman nan yon prizon koreksyon pou pa plis ke yon ane, oubyen tou de sa vle di amann ak prizon.

Tèm ble a nan seksyon 18 ak 19, vle di kenpòt kondwit oubyen metòd inisyasyon kenpòt òganizasyon elèv, ke li nan yon lokal prive oubyen piblik, ki mete an danje delibereman oubyen ak enpridans, santé fizik oubyen mantal kenpòt elèv oubyen lòt moun. Kalite kondwit sa yo konprann flajelasyon, baton, pote mak, ekzèsis jimnastik fòse, ekpozisyon nan tanperati, fòse manje kenpòt manje, tankou bwason, dwòg oubyen lòt sibstans, oubyen kenpòt lòt trètman brital oubyen aktivite fizik fòse ki pwobableman kapab afekte yon fason ki pan nan favè santé fizik oubyen sekirite elèv oubyen moun sa, sa ki mete elèv sa oubyen lòt moun nan sou strès mantal, tankou mank somèy oubyen repo oubyen izolasyon pwolonje.

Sepandan kenpòt lòt dispozisyon seksyon sa ki genyen efè kontrè, yo pap aksepte konsantman kòm defans nan pouswit aksyon sa.

Sipleman pa St. 1985, c. 536; modifye pa St. 1987, c. 665.

Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 269, Seksyon 18

Devwa pou rapote aktivite Ble

Kenpòt moun ki konnen ke yon lòt moun viktim ble tankou yo defini l nan seksyon 17 la epi ki la lè krim nan ap fèt, dwe, nan limit ke moun nan ka fè sa san li pa mete tèt li oubyen lòt moun an danje, rapòte krim sa osivit ke li kapab bay yon ajan konpetan ki chaje pou fè aplike lwa. Moun ki pa rapòte krim sa dwe resevwa yon amann ki pa plis ke 1000 dola.

Sipleman pa St. 1985, c. 536; modifye pa St. 1987, c. 665.

Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 269, Seksyon 19

Tèks Lwa pou Bay Gwoup Elèv; Rapò Konfòmite ak Politik Disiplin Ekzijib

Chak enstitisyon edikasyon segondè epi chak enstitisyon piblik oubyen prive edikasyon siperyè ap bay chak gwoup etidyan, ekip etidyan, oubyen òganizasyon etisyan ki fè pati etablisman sa oubyen ke etablisman an otorize itilize non oubyen ekipman l, oubyen ke etablisman an rekonèt tankou yon gwoup etidyan ki pa afilye, òganizasyon ekip etidyan oubyen etidyan, yon kopi seksyon sa ansanm ak section 17, 18. Sepandan, le fèt ke yon entitisyon an konfòmite ak seksyon sa, remèt kopi seksyon sa ak seksyon 17 – 18 yo bay gwoup etidyan ki pa afilye, ekip oubyen òganizasyon pa dwe konstitye prèv rekonesans oubyen apwobasyon gwoup sa yo pa enstitisyon a.

Chak gwoup, ekip oubyen òganizasyon sa yo ap distribye yon kopi seksyon sa ak seksyon 17-18 la bay chak manm, plebes, aderan, oubyen moun kap mande adezyon. Se devwa chak gwoup, ekip oubyen òganizasyon, kap ajì a travè dirijan desiye, pou livre chak ane bay enstitisyon an yon rekonesans sètifye ki declare ke gwoup, ekip oubyen òganizasyon sa resevwa yon kopi seksyon sa ak seksyon 17-18, ke chak manm, plebe, aderan, oubyen moun kap mande adezyon resevwa yon

kopi seksyon 17 -18, epi ke gwoup sa, ekip oubyen òganizasyon an konprann epi aksepte konfòme yo a dispozisyon seksyon sa ansanm ak seksyon 17-18 la.

Chak etablisman ansèyman segondè epi chak etablisman piblik oubyen prive ansèyman siperyè dwe, omwen chak ane, anvan oubyen lè yap kòmanse enskripsyon, bay chak moun ki enskri kòm etidyan plen tan yon kopi seksyon sa ansanm ak seksyon 17-18 la.

Chak etablisman ansèyman segondè epi chak etablisman piblik oubyen prive ansèyman siperyè dwe depoze, omwen yon fwa pa ane, yon rapò nan konsèy edikasyon siperyè epi nan ka etablisman segondè yo, konsèy edikasyon an ap sètifye ke etablisman sa te konfòme l ak reskonsablite pou l enfòm gwoup elèv, ekip oubyen òganizasyon yo epi enfòm chak etidyan plen tan li enskri de dispozisyon seksyon sa ak seksyon 17 -18 epi sètifye tou ke etablisman sa adopte yon politik disiplin nan sa ki gen rapò ak òganizatè epi patisipan nan aktivite ble a, epi yo te detèmine politik sa ak aksan sou apwopriye nan gid elèv oubyen lòt mwayen sanblab pou kominike ak elèv yo. Konsèy edikasyon siperyè epi, nan ka etablisman segondè yo, konsèy edikasyon an dwe pwomilge règleman ki gouvènè kontni ak frekans jan de rapò say o, epi dwe fè yon rapò imedyà bay pwokirè jeneral lè yon etablisman konsa pa redije rapò sa yo.

Sipleman St. 1985, C. 536; modifye pa St 1987, C. 665; S.t 1998, C. 161, ss . 557, 558

Fimen: Règleman anti-Tabak

Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 71, Seksyon 37 H entèdi kenpòt ki moun menm anplwaye lekòl la, itilize kenpòt pwodwi tabak nan enstalasyon lekòl yo; lakou lekòl oubyen bis lekòl yo. Politik sa konsène tout lekòl la, aktivite ki genyen rapò ak lekòl ak konpetisyon espòtif. Anplwaye ak elèv ki vyole lwa sa yo ap fè fas ak aksyon disiplinè. Kenpòt anplwaye ki wè yon elèv primè kap fimen nan lokal lekòl la dwe mande non elèv la epi enfòm l ke yo entèdi fimen nan lekòl la. Yap bay direktè oubyen asistan direktè a non elèv la kap bò kote pal enfòm enfimyè lekòl la epi paran oubyen reskonsab elèv la. Pwogram Asistans pou Tabak (TAP) disponib nan lekòl piblik nou yo epi yo la pou ede moun ki chwazi pou kite panchan yo pou tabak.

Atak Anplwaye

Direktè a kapab mete deyò kenpòt elèv ki atake yon direktè, asistan direktè, pwofesè, asistan pwofesè, oubyen lòt anplwaye lekòl la ke se nan lekòl la, bis, aktivite ke lekòl la patwone, oubyen lòt aktivite an rapò ak lekòl la, tankou match. Yo konsidere yon ak tankou atak si elèv la:

- Entansyonèlman, delibereman, oubyen avèk ensousyans koze yon lòt domaj kòporèl;
- Menase entansyonèlman oubyen delibereman yon lòt domaj kòporèl iminan; oubyen
- Entansyonèlman oubyen delibereman koze, menase oubyen itilize fòs fizik kont yon lòt nan sikonstans tankou pou kreye perèz sou yon danje iminan ak kapasite pou fè atanta a si yo pa anpeche l.

Elèv yo Akize oubyen Kondane pou yon Krim

Yo kapab sispan yon elèv ke yo akize de yon krim, ke prezans kontinyèl li lekòl a genyen efè nefast sou byennèt jeneral lekòl la jiskaske pwoblèm nan jije nan tribinal. Si yo kondane l, direktè a kapab mete elèv la deyò, si prezans kontinyèl li lekòl genyen yon efè nefas sou byennèt jeneral lekòl la.

Nan kenpòt nan ka sa yo yap fè elèv la ak paran l oubyen moun ki reskonsab li a konnen a lekri dwa reprezantasyon nan yon odyans ak posiblite pou prezante prèv ak temwen.

Vandalism

Pèsonn pa gen dwa kase, detwi, defigire oubyen antre ilegalman sou pwopriete lekòl la. Yo ankouraje tout elèv ak anplwaye yo pou trete batiman lekòl la ak lanmou epi respè. Paran oubyen reskonsab yo ap geyen reskonsablite pou peye kenpòt domaj pitit yo ta fè nan batiman lekòl la. Depatman lekòl la ap tradwi paran yo lajistis. Moun ki genyen enfòmasyon sou domaj yo fè nan batiman oubyen sak adedan l dwe rapòte fè a nan Biwo Pwoteksyon ak Sekirite. Ekri ou espre yon fason ki pa apwopriye sou oubyen nan lantouraj lekòl la – grafiti, dekoupaj biwo, mal trete liv, kase vit, destriksyon materyèl tout se enfraksyon sou dwa yon anviwonman pwòp kominote lekòl la. Yap kenbe pou reskonsab elèv ki komèt vandalism ansanm ak paran oubyen moun ki reskonsab yo.

Premye enfraksyon:

Yon jou sispansyon intèn, yap evalye domaj yo epi ranbousman dwe fèt, yap depoze yon plent kriminel epi yap fè lapolis konnen.

Dezyèm Enfraksyon:

Twa jou sispansyon andeyò lekòl la, yap evalye domaj yo epi ranbousman dwe fèt, yap depoze yon plent kriminel epi yap fè lapolis konnen.

Twazyèm Enfraksyon:

Senk jou sispansyon andeyò lekòl la, ak readmisyon a travè yon odyans nan biwo direktè a, yap evalye domaj yo epi ranbousman dwe fèt, yap depoze yon plent kriminel epi yap fè lapolis konnen, direktè a kapab ajoute sou sispansyon an si zak vandalism la ekstrèm.

Batay/Atak Fizik

Yap pran aksyon disiplinè sevè epi imedidya kont tout endividi ki patisipe nan batay oubyen ankouraje l sou kenpòt fòm. Yo pap tolere okenn aksyon pou mete dezòd konsa. Pèn pou jan de konpòtman sa yo se yonn a di jou sispansyon sa depan de degre kategori patisipasyon, kantite ofans epi/oubyen gravite ensidan an. Yo fè polis konnen tout atak fizik epi yo mete paran yo okouran de dwa yo pou depoze yon plent kriminel nan tribinal konte Middlesex. Depandaman de sikonstans yo, Distrik Lekòl Piblik Cambridge la ka depoze yon plent kriminel pou kou ak blezi. Elèv yo konnen lè yo nan diskisyon pou yo chèche èd, si nesèsè, pou rezoud pwoblèm nan pasifikman. Elèv yo genyen reskonsablite pou evite batay pou sa yo dwe atire atansyon kenpòt fonksyonè lekòl la sou sitiyasyon an. CRLS genyen mediatè remakab, trè konpetan disponib tout tant atravè Biwo Pwoteksyon ak Sekirite, yo devwe pou ede rezoud diskisyon yo. Mande dwayen elèv yo, espesyalis pwoteksyon oubyen mediatè elèv yo plis enfòmasyon sou pwogram nan. Yo kenbe tout referans yo konfidansyèl.

Nou kapab itilize direktiv kap swiv yo pou pini elèv ki angaje yo nan batay oubyen atak fizik.

Kategori 1 – Fè Bri/Jwèt Goumen/Tapaj:

Referans nan CIRC ak Konferans ak paran

Kategori 2 – Ensitasyon/Pwomosyon/Enstigasyon:

Yon elèv ke yo mande pou kite zòn altèkasyon oubyen batay la epi ki refize tonbe nan kategori sa.

Premye Enfraksyon – Yon jou sispansyon andeyò lekòl la/konferans ak paran.

Dezyèm Enfraksyon – De jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans ak paran.

Twazyèm Enfraksyon – Senk jou sispansyon andeyò lekòl la. Odyans ekspilsyon nan Biwo Direktè a.

Kategori 3 – Kou ak Blesi sou yon Moun

Atak sou yon moun se yon krim. Yap fè lapolis konnen epi yap ankouraje yon arestasyon. Yap depoze yon plent kriminèl kont moun ki fè atak la.

Premye Enfraksyon – Senk jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans ak Paran. Depozisyon plent kriminèl. Notifikasyon lapolis.

Dezyèm Enfraksyon –Di jou sispansyon andeyò lekòl. Odyans ekspilsyon nan Biwo Direktè a. Depozisyon plent kriminèl. Notifikasyon lapolis.

Kategori 4- Batay/ Kou ak Blesi respwòk:

Premye Enfraksyon- Twa jou sispansyon andeyò lekòl. Konferans pou Paran. Yo ankouraje epi mete medyasyon disponib lè elèv yo retounen.

Dezyèm Enfraksyon- Senk jou sispansyon andeyò lekòl. Konferans pou Paran. Yo ankouraje epi mete medyasyon disponib lè elèv yo retounen.

Twazyèm Enfraksyon- Di jou sispansyon andeyò lekòl. Odyans ekspilsyon nan biwo Direktè a.

Kategori 5- Batay/ Kou ak Blesi respwòk nan klas, kafeterya:

Dispit fizik oubyen vèbal kreye yon sitiyasyon ki patikilyèman volatil nan lekòl la lè yo eklate, espesyalman lè genyen anpil moun ozalantou. Konpòtman ekstrèm dezòd sa jistifye aksyon disiplinè strik sa yo. Ekzanp: manje midi nan kafeterya, deyò lè yo lage oubyen lè yap rantre nan etablisman an, nan sware dansan yo, evenman espòtif yo, oubyen nan kenpòt rasanble lekòl la, oubyen lòt evenman ki genyen rapò ak lekòl.

Dispit Fizik:

Premye Enfraksyon- Sispansyon senk jou andeyò lekòl la. Konferans pou Paran. Yo kapab fè depozisyon plent kriminèl. Notifikasyon lapolis.

Dezyèm Enfraksyon- Di jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans paran. Odyans Ekspilsyon nan biwo Direktè a.

Dispit Vèbal:

Premye Enfraksyon- De a senk jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans pou paran.

Dezyèm Enfraksyon- Di jou sispansyon andeyò lekòl la. Konferans pou Paran. Yo kapab depoze plent kriminèl. Notifikasyon lapolis.

Entimidasyon sou Entènèt

Règleman kont Entimidasyon, Règleman Itilizasyon Aksetab, Règleman Kont-Diskriminasyon ak Entèdiksyon kont Asèlman Seksyèl ak Livè Dwa ak Reskonsablite Lekòl Piblik Cambridge entèdi intimidasyon sou entènèt. Kenpòt elèv ki angaje yo nan intimidasyon sou entènèt ki genyen pou rezilta entèripsyon materyèl fonksyonman lekòl ak pwosesis edikatif la dwe resevwa koreksyon. Anplis, si intimidasyon sou entènèt la enplike menas oubyen lòt kondwit kriminèl, yap fè paran yo konnen epi yap mete yo okouran de dwa yo pou dezope yon plent kriminèl.

Règleman sou Zam

Yon elèv an kontravansyon ak règleman sou zam si: li pote yon zam nan lekòl la; itilize yon zam nan lekòl la oubyen nan yon aktivite lekòl la; oubyen genyen yon zam nan kasye oubyen pòch li, oubyen pandan li lekòl, nan bis oubyen nan aktivite apre lekòl.

Yo konsidere tankou zam ki legalman danjere tout sa yo pote epi itilize yon fason pou entimide oubyen ak entansyon pou fè yon lòt moun mal. Zam sa yo konprann:

- Fizi tout kalite, tankou BB guns epi fizi a lè;
- Kenpòt kouto doub fas, kouto a resò ki kapab lage a pati manch la lam kouto a otomatikman; kenpòt pwaya oubyen talon egwi;
- pwèn an metal, mouchako “nunchaku”, zam tradisyonèl japonè “shuriken” oubyen kenpòt lòt bagay pwenti sou fòm zetwal ki kapab blese yon moun lè yo lanse l;
- baton polis ak pistole konprese;
- kenpòt brasyè pou bra oubyen kenpòt moso rad ki fè an kwi ak pwent metal epi kenpòt lòt dispozitif ki sanblab ki fèt ak kenpòt lòt materyèl;
- Masi, gaz lakrimojèn, oubyen kenpòt ki sibstans ke yo itilize pou immobilize yon lòt moun;
- Fe datifis oubyen tout kalite eksplozif; epi
- Kouto tout kalite, fòm oubyen longè, tankou kanif epi kouto pou dekoupe desen;
- Tout lòt kalite zam tankou yo dekri l nan Lwa Jeneral Massachusetts 269, seksyon 10.

Genyen lòt atik ke Lwa Jeneral Massachusetts, seksyon 10 pa defini tankou zam, men ke yo pa pèmèt nan lekòl la, nan aktivite ke lekòl la ap fè oubyen patwone, tankou konpetisyon atletik yo. Itilizasyon atik entèdi sa yo ap genyen pou rezilta sispansyon ak ekspilasyon nan lekòl la. Yo konprann:

- Lam kenpòt dimansyon oubyen razwa, kouto tout itilizasyon; epi
- Chèn, fwèt, oubyen kenpòt lòt bagay an fè ki pa genyen okenn bi akademik.

Genyen tou lòt atik òdinè ke si yo itilize yon fason danjere oubyen menasan kapab genyen pou rezilta sispansyon ak ekspilasyon nan lekòl la. Atik sa yo konpran:

- Kreyon, sizo, egwi epi epeng, zong, zouti chapant, etc.

Nòt: Yo pap pèmèt nan lekòl la, nan evenman lekòl la patwone, tankou konpetisyon atletik okenn jwèt oubyen replika zam kenpòt ki fòm. Yap sezi atik sa yo epi sa ka antrene sispansyon oubyen ekspilasyon si direktè oubyen asistan direktè a detèmine ke yo an vyolasyon ak règleman sa.

Yo ekspoze nan Livrè Dwa ak Reskonsablite pwosedi disiplin yo. Yon rezime pa twò long pwosedi sa yo ap swiv:

Pwosedi Disiplin (Jijman ki swiv tout pwosesis yo)

Sispansyon

Se politik Sektè Lekòl Piblik Cambridge pou yo fè tout efò nesè pou ede elèv yo rezoud pwoblèm kondwit san yo pa pran mezi disiplineèkstrèm. Sepandan, nan ka konpòtman yon elèv mete dezòd nan lekòl la, nwizib pou li menm ak lòt, oubyen angaje nan aktivite ke lwa Commonwealth Massachusetts entèdi, yon sispansyon kapab jistifye.

Se direktè oubyen moun desiye a ki kapab bay sispansyon an. Yap pran an konsiderasyon siskonstans atenyant yo anvan yo pran desisyon sispansyon. Gade nan Livrè Dwa ak Reskonsablite a pou plis enfòmasyon.

Direktè a ka sispann yon elèv pou yon peryòd ki soti de yonn a di jou pou vyolasyon règ lekòl yo ki rive pandan elèv la nan batiman lekòl la, nan lokal lekòl la, nan wout pou ale oubyen soti lekòl, oubyen padan aktivite lekòl la otorize, ke se andedan oubyen andeyo lokal lekòl la.

Depandaman de gravite ensidan an, yo ka sispann yon elèv pou yonn a di jou si yo jwen li ap:

- itilize vyolans, fòs, kontrent, menas, entimidasyon oubyen lòt kondwit konparab;
- mete dife oubyen andomaje batiman oubyen pwopriete lekòl la;
- sonnen alam lekòl la alò ke pa genyen ijans dife vre;
- te oubyen an posesyon zam;
- posede oubyen sou enfliyans sibstans kontwole oubyen alkòl;
- si yo kondane l pou yon krim epi yo detèmine ke prezans kontinyèl li lekòl la ka genyen efè nefas sou byenèt jeneral lekòl la;
- anpeche oubyen eseye anpeche ak aksyon fizik rasanbleman oubyen fonksyonman nòmral kenpòt lekòl oubyen kenpòt kenpòt fonksyon edikatif oubyen kenpòt reyinyon legal nan lokal lekòl la.
- andomaje oubyen vole pwopriete pèsònèl lòt moun oubyen yo jwen li an posesyon pwopriete pèsònèl lòt moun pandan li lekòl la;
- lakòz oubyen tante koze domaj sou pwopriete lekòl la, vole oubyen eseye vole pwopriete lekòl la;
- lakòz entansyonèlman oubyen eseye koze domaj fizik sou lòt elèv;
- manke respekte direksyon kenpòt anplwaye lekòl la kap aji lejitimman selon fonksyon ofisyèl yo epi ki gen pou rezilta enteripsyon nan edikasyon lòt elèv;
- entèfere ak kenpòt pèsònèl lekòl oubyen elèv ak mwayen menas, asèlman oubyen kontrent oubyen detwi oubyen bloke kenpòt aktivite lekòl avèk/oubyenn san itilizasyon fòs oubyen vyolans;
- patisipe nan kenpòt ki aktivite ke Lwa Commonwealth Massachusetts yo entèdi, ki konstitye yon aktivite pou kanpe aktivite lekòl la;
- lakòz oubyen poze yon zak repete ki konstitye yon vyolsyon entansyonèl kenpòt règ ak reskonsablite ke yo prevwa nan Livrè Dwa ak Reskonsablite;
- patisipe nan kenpòt aktivite ki an vyolasyon ak lwa Massachusetts ki entèdi Ble (G.L. c.269, Seksyon 17-19);
- menase, asele oubyen entimide kenpòt moun pandan l nan lekòl la, nan yon aktivite lekòl andedan oubyen andeyò lokal lekòl la ;
- pran yon kondwit ki an vyolasyon ak M.G.L. c. 71, Seksyon 37H epi/oubyen 37H1/2; epi/oubyen
- pran lòt kondwit ki an vyolasyon ak règ de baz lekòl yo oubyen Livrè sou Dwa ak Reskonsablite a.

Pandan l nan sispasyon an, elèv la pa dwe nan vwazinaj lekòl la epi li pa elijib pou patisipe, oubyen ale nan kenpòt evenman oubyen aktivite nan lekòl la. Si l pa respekte kondisyon sa yo direktè a kapab pwolonje sispansyon an.

Ekzpilsyon

Se politik pa Sektè Lekòl Piblik Cambridge pou bay yon anviwonman sekirite kote elèv yo kapab aprann epi patisipe nan tout pwogram yo.

Malerezman, paske genyen sitiyasyon kote konpòtman elèv yo se yon menas pou sante epi pwoteksyon lòt elèv oubyen pèsonèl depatman lekòl la, li kapab vinn yon nesosite pou mete yon elèv deyò.

Dapre Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 71, Seksyon 37H, direktè a kapab mete deyò oubyen sispann yon elèv pou posesyon zam danjere, posesyon sibstans kontwole, epi/oubyen atak sou manm ekip la.

Dapre Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 71, Seksyon 37H 1/2, direktè a kapab definitivman sispann yon elèv ke yo akize de yon krim, epi kapab mete deyò yon elèv ke yo kondane pou yon krim si prezans kontinyèl elèv sa ap genyen yon efè nefas sibstansyèl sou byenèt jeneral lekòl la.

Pwosesis Apèl Ekspilsyon: Si, apre odyans la, direktè a deside mete elèv la deyò pou vyolasyon M.G.L. c. 37H, elèv la dwe genyen di jou a pati jou odyans la pou fè Enspektè a konnenn desizyon l pou fè apèl. Motif apèl la pa dwe limite sèlman a yon detèminasyon efektif ke elèv la te vyole yon dispozisyon seksyon sa. Si, apre odyans la, direktè a deside pou mete deyò oubyen sispann elèv la definitivman pou vyolasyon M.G.L. c. 71, Seksyon 37H1/2, elèv la dwe genyen senk jou a pati jou odyans la pou fè Enspektè a konnen desizyon l pou fè apèl. Elèv la pap ale lekòl jisjasko yo pran desizyon sou kenpòt apèl. Elèv la gen dwa genyen pou resevwa konsèy anvan odyans devan Enspektè a oubyen moun enspektè a chwazi a. Enspektè a oubyen moun li chwazi a ap fè paran yo konnen desizyon apèl la a lekri. Gade Livrè Dwa ak Reskonsablite pou plis enfòmasyon.

Tretman Doleyans Elèv

Lè yon elèv, paran oubyen reskonsab li kwè ke yon anplwaye depatman lekòl la vyole dwa yon elèv ki prevwa nan Livrè Dwa ak Reskonsablite a, epi tout sa yo fè nan tout bon bwa pou eseye rezoud pwoblèm nan pa mache, elèv la oubyen paran/reskonsab la kapab depoze yon plent ekri devan Enspektè a. Plent ekri a dwe konprann griyèf la, dwa espesifik ke yo pa akòde a, yon deklarasyon pa twò long fè yo, epi yon demann espesifik soulajman. Si Enspektè a pa kapab rezoud pwovblèm nan nan satisfaksyon pati leze a anvan sèt jou apre l resevwa plent la, Enspektè a poste yon avi bay tou de pati yo.

Avi a dwe di:

- lè ak ki kote yap fè konferans la pa pita ke di jou apre yo resevwa plent la, ak eksepsyon ke chak pati ap genyen 5 jou lekòl an plis pou prepare pou odyans la; yon deklarasyon fòmèl pwoblèm lan nan plent ekri a;
- yon deklarasyon konplè fè yo, tankou non temwen;
- yon deklarasyon reparasyon yo mande a, epi;
- yon deklarasyon dwa tout pati yo, dwa tout pati yo pou yo genyen yon avoka oubyen yon lòt moun pou reprezante yo nan konferans la, pou prezante temwen ak prèv, epi poze temwen lòt pati a keksyon.

Konferans la dwe respekte gran liy sa yo:

- dwe fèt devan enspektè a oubyen moun li chwazi a,
- dwe fèt a sesyon klo epi enfòmèlman,
- tout pati yo genyen dwa pou yon avoka reprezante yo oubyen yon lòt moun yo chwazi,
- tout pati yo dwe enspekte dosye lekòl la epi lòt dokiman ki genyen rapò ak plent la, epi
- yo dwe pèmèt tout pati yo poze temwen yo keksyon epi genyen dwa pou prezante temwen ak prèv.

Si Enspektè a oubyen moun li chwazi a remake ke yo te vyole dwa elèv la, li menm oubyen moun li chwazi a kapab deside soulajman apwopriye.

Patisipasyon nan Aktivite Ekstra Eskolè

Administrasyon Lekòl Piblik Cambridge ak Depatman Sekirite ak Pwoteksyon an rezève yo dwa pou entèdi admisyon nan aktivite ekstra Eskolè yo tout endividi ki reprezante yon menas potansyèl pou pwoteksyon ak sekirite asistans la ak patisipan yo.

Elèv ki tonbe nan kategori yo mansyone pi ba yo pap kapab patisipe nan aktivite atletik, teyat, mizik, sware dansan, bal fen ane, eskisyon ak tout lòt aktivite ekstra eskolè ki genyen espektatè:

- Elèv ki nan sispansyon;
- Ansyen elèv ke yo te mete deyò; epi/oubyen
- Elèv ki enskri nan pwogram altènatif akòz de pwoblèm disiplin.

Kenpòt elèv ki tonbe nan kategori nou sòt site la yo ki santi ke konpòtman l jistifye konsiderasyon pou admisyon dwe soumèt yon demand devan Direktè a, Asistan Direktè a oubyen Dwayen Elèv yo. Direktè Sekirite a ak Direktè a, Asistan Direktè a oubyen Dwayen Elèv yo dwe jwen yon akò mityèl pou elèv sa kapab jwen pèmisyon pou l patisipe nan kenpòt aktivite ekstra eskolè.

Lekòl Piblik Cambridge yo rezève yo dwa pou retire nan aktivite espòtif, teyat, mizik, sware dansan, bal fen ane, ekskisyon, ak lòt aktivite ekstra eskolè ki genyen espektatè, manm kominote a ki:

- Ki enplike nan ensidan grav nan kominote a;
- Genyen yon istwa vyolans; epi/oubyen
- Tap pètibe epi/oubyen derespekte anplwaye.

Abize Timoun

Seksyon 51A Chapit 119 Lwa Jeneral Massachusetts yo mande ke gen de moun nan kapasite pwofesyonèl yo genyen rezon pou kwè ke yon timoun ki pi piti ke 18 ane ap sibi twomatism fizik oubyen mantal ki genyen pou baz abi yo fè sou li, tankou abi seksyèl, oubyen neglijan, tankou malnitrisyon, dwe imediatman, pa telefòn, rapòte abi sa oubyen neglijan la nan Depatman Sèvis Sosyal. Pwofesyonèl kid we rapòte ka abi sou timoun oubyen neglijan nan Depatman Sèvis Sosyal (DSS) moun sa yo konpran: Doktè, doktè entèn, enfimyè, pwofesè, administratè lekòl, konseye, konseye familyal, ajan pwobasyon, enspektè presans, asistan sosyal, sikològ, ak polisye. Rapò nan telefòn sa dwe fèt swa nan biwo apwopriye zòn nan oubyen nan telefòn wouj 24-h: 1-800-792-5200. Nan 48h apre rapò vèbal la, pwofesyonèl sa yo dapre lwa Massachusetts dwe

avize DSS pa ekri yap itilize pou sa yon fòm rapò estanda DSS. Yo dwe ranpli yon rapò nèf pou chak twomatism oubyen chak fwa menm twomatism repete.

Yo ka defini abi sou timoun oubyen neglijan ke yo dwe rapòte yo tankou kenpòt ensidan kote genyen koz rezonab pou panse ke sante fizik oubyen mantal yon timoun oubyen byennèt li an danje oubyen menase ak risk sibstansyèl domaj a travè abi oubyen neglijan moun ki reskonsab sante oubyen byennèt timoun nan, ak anplwaye system lekòl piblik la ap fè l. Absans pou kont li pa yon pwoblèm pou rapòte.

Abi konprann:

- twomatism fizik, mantal, oubyen emosyonèl, ki pa aksidantèl, sa vle di, baton, blesi, brili, zo kase, anpil ekimoz;
- depandans fizik pou dwòg ki kreye a la nesans;
- kenpòt zak seksyèl kont yon moun swa pa la fòs, oubyen pa menas oubyen blesi kòporèl; oubyen kont volontè moun nan. Sa konprann yon zak seksyèl kont yon moun ki pa genyen kapasite pou bay konsantman akoz de enkapasite mantal oubyen fizik tanporè ou pèmanan oubyen akoz ke se yon minè. Krim sa yo tankou kou ak blesi, vyol, vyol ak vyolans, vyol ak abi, atak ak entenasyon pou vyole epi zak ki pa natirèl epi ki genyen rapò a sèks konstitye yon atak seksyèl
- Kou ak blesi endesan konprann, men pa kanpe la, atouchman inapwopriye epi endsezirab pati prive kò moun. Yon moun ki pi piti ke 14 ane legalman pa kapab aksepte kalite aktivite seksyèl sa yo.
- Neglijan ekziste lè moun ki reskonsab pou pran swen yon timoun, malgre ke li genyen lajan pou fè l neglije bay timoun nan:
 - kantite manje, rad, kay, edikasyon ak swen sante epi/oubyen
 - siveyans ak/oubyen gad apwopriye.

Timoun ki Bezwen Sèvis (CHINS)

Dapre Lwa Jeneral Massachusetts tout timoun ki ant 6-16 ane dwe ale lekòl. Yap fè demand yon petisyon CHINS nan tribinal pou tout timoun ki pa ale lekòl, pratike absanteyis, oubyen pa respekte règ regilye lekòl la, toujou an kontravansyon ak lekòl.

Prezans

Timoun aprann pi byen epi yo rive pi lwen lè yo ale lekòl tout tan. Prezans regilye epi alè kontribye nan byennèt tout kò timoun nan paske li diminye enteripsyon anviwonman aprantisaj li. Prezans chak jou epi alè enpòtan anpil pou fiti timoun nan, lekòl, ak reyisit nan travay. Atant lekòl la se ke tout elèv yo ap genyen, yon minimum 95% prezans lekòl epi nan chak klas pandan jounen lekòl. Kòm ou konnen, dapre Lwa Jeneral Massachusetts yo:

LI OBLIGATWA POU TOUT TIMOUN

KI GENYEN ANT 6-16

ALE LEKÒL.

Li enpòtan pou nou tout konprann ke modèl prezans lekòl epi reyisit eskolè kòmanse depi jaden danfan epi premye ane. Abitid manke lekòl byen bonè genyen tandans pou kontinye pandan tout lavi eskolè timoun nan epi mete timoun nan nan risk pou rate lekòl oubyen abandone. Nou mande koperasyon ak asistans ou pou garanti ke pitit ou ale lekòl chak jou epi alè. Paran ak reskonsab yo

dwe bay yon eksplikasyon ekri pou absans, reta oubyen ranvwa yon timoun. Pwosesè klas jeneral la dwe kenbe nòt sa yo nan dosye elèv la pou ane eskolè a. Biwo direktè a dwe kenbe estatistik epi verifiye absans ak reta frekan pou ka absans kwonik oubyen iregilye akòz maladi, direktè lekòl la oubyen enfimyè lekòl la kapab mande yon lèt doktè pou sètifye ke absans sa yo jistifye.

Absanteyism ak Kontrevenan Abityèl Lekòl

Sant enterè tribinal yo ak depatman lekòl la nan sa ki konsène delenkan, kelke swa laj yo, se premye entèvansyon. Lwa Jeneral Massachusetts defini absanteyis ak delenkan abityèl lekòl tankou yon timoun ki “ak pèsistans epi volonte refize ale lekòl, absan, oubyen vyole ak pèsistans reg legal ak rezonab lekòl li”. Dapre MG.L. c. 76, §2, paran/reskonsab genyen obligasyon pou fè yon timoun ale lekòl, epi, si li rate obligasyon l pou fèl epi timoun nan rate plis ke 7 sesyon jounalye oubyen 14 sesyon demi jounen pandan yon peryòd 6 mwa, paran/reskonsab la sou plent enspektè prezans la dwe peye yon amand.

Absanteyism

Lekòl ka mande yon aplikasyon absanteyism pou tout timoun ki genyen ant 6 -16 ane ki genyen plis ke sèt absans ki pa eskize pandan yon peryòd 6 mwa. Lè yon timoun ki te absan ap retounen lekòl, li dwe pote yon nòt paran l pou eksplike koz absans la, oubyen paran an dwe rele lekòl la pou eksplike absans la. Lè yo vinn sispèk absans eskize yo, epi lè yo kòmanse vin sanble yon koutim, lekòl ap fè demach pou l verifiye rezon an, lè sa lap mande yon nòt medikal epi lap fè vizit nan kay.

Pwosis Absanteyis ak Delenkan Abityèl Lekòl

Lè entèvansyon entèn lekòl yo pa rive rezoud absanteyism oubyen delenkans abityèl nan lekòl, depatman lekòl la kapab antame aksyon nan tribinal pou absanteyism eskolè oubyen CHINS ak delenkan abityèl lekòl.

Lwa CHINS bay tribinal yon ane anvan ke yo jije oubyen ekate ka a. Lekòl la genyen dwa pou pran yon lòt aplikasyon CHINS. Yo te limite revizyon gran liy sa yo a CHINS, absanteyis ak delenkan abityèl lekòl. CHINS, timoun ki sove ak timoun rebèl oubyen delenkan nan diferan kategori. Dapre lwa, tribinal timoun nan genyen dwa pou verifiye tout enfòmasyon lekòl la ki genyen rapò ak ka sa yo.

Aksyon Swen Ak Pwoteksyon

Si pa voye timoun yo lekòl mache ak lòt abi ki pi grave, pwoblèm neglijan, yo kapab antame yon aksyon swen ak pwoteksyon konfòmman ak dispozisyon M.G.L. c.119, §24. Pandan aksyon swen ak pwoteksyon an si tribinal la “konvenki ke genyen koz rezonab ase pou kwè ke timoun nan viktim abi grav oubyen neglijan oubyen timoun nan an danje imedya” tribinal la ka òdone pou transfere gad timoun nan tou swit.

Fouy ak Entèrogatwa Elèv

Le 7 septanm 1999, komite lekòl la adopte règleman kap swiv yo ki genyen rapò ak fouy ak entèrogatwa sekirite lekòl yo sou elèv yo, tankou aktivite ekstra eskolè yo eksepte nan ka ijans.

NAN NIVO K-8: Direktè a, asistan direktè a oubyen moun direktè a chwazi kapab otorize sekirite lekòl la oubyen lòt anplwaye ki pa baze nan lekòl la fouye epi enteroje elèv yo.

TOUT NIVO KLAS (K-12): Direktè a, asistan direktè a, administratè kay la, oubyen moun direktè a chwazi a, lè li rezonabman posib, kapab mande ki lès nan pèsònèl sekirite yo pou yo voye nan lekòl/oubyen kay la.

NAN NIVO KLAS K-8: Direktè a, asistan direktè a oubyen moun direktè a chwazi dwe la pandan ke sekirite lekòl la, oubyen anplwaye sekirite ki pa baze nan lekòl la ap fè fouy epi entèroje elèv yo.

NAN NIVO KLAS K-8: Yon endividi menm sèks ak elèv la, kenpòt lè li posib, dwe prezan lè sekirite lekòl la ap entèroje elèv la. Yon endividi menm sèks ak elèv la dwe kondwi fouy sekirite lekòl la ap fè sou elèv yo.

NAN NIVO KLAS K-8: Direktè a, asistan direktè a, oubyen moun direktè a chwazi a, dwe fè paran/reskonsab la konnen anvan sekirite lekòl la kondwi fouy sou elèv la. Si avi alavans la pa rive fèt, yap fè paran oubyen reskonsab la konnen le pli vit ke posib apre, epi yap voye yon lèt menm jou a. **NOT:** Kontak ijans se yon endividi ke paran oubyen reskonsab la chwazi pou reponn nan ka ki gen rapò ak pwoblèm disiplin, ak entèwogasyon ak fouy. Chak ane akademik, yap mande paran/reskonsab yo pou nomen yon kontak ijans pou pwoblèm disiplin, sa konprann entèwogatwa ak fouy, epi kontak sa dwe aji pou paran oubyen reskonsab nan respè pwoblèm disiplin yo, ansanm ak entèwogatwa oubyen fouy, nan limit ke paran oubyen reskonsab la otorize.

NAN NIVO KLAS K-8: direktè a, asistan direktè a, oubyen moun direktè a chwazi a dwe fè paran/reskonsab oubyen kontak ijans la konnen anvan sekirite lekòl la pwosede a kenpòt kessyonman. Si avi alavans pa rive fèt, yap fè paran oubyen reskonsab la konnen le pli vit ke posib apre, epi yap voye yon lèt menm jou a.

NAN NIVO KLAS K-12: Direktè a, asistan direktè a, administratè kay la, oubyen moun direktè a chwazi a dwe enfòmè elèv yo de dwa yo anvan sekirite lekòl la fouye oubyen poze keksyon.

Yo dwe enfòmè enspektè a oubyen moun li chwazi a pi vit ke posib apre sekirite lekòl la fouye kenpòt elèv. An plis, komite lekòl la dwe resevwa chak mwa rezime rapò ki gen a wè ak fouy sekirite fè, an plis rapò yap bay nan moman an.

Enspektè a dwe garanti fòmasyon apwopriye ekip la.

Sekirite lekòl la pa dwe inisye okenn ankèt endepandan san akò a lavans enspektè a.

NOT: Yon ankèt endepandan se kenpòt ankèt ki genyen rapò ak menas grav pou sekirite elèv yo, pwofesè, epi/oubyen pèsònèl kontinyèl epi ki pa rezilta yon ensidan izole. Ankèt la dwe enplike yonn oubyen plis lekòl oubyen CRLS nan distrik.

Absans ki pa Eksplike oubyen Disparisyon timoun

Genyen plizyè senaryo posib ki dekri lè yo pa ka jwen oubyen yon elèv disparèt. Men kèk ekzanp:

- Yon timoun pa retounen nan klas epi yo pa lokalize l nan batiman oubyen lakou lekòl la,
- Pwofesè klas la pa kapab verifye ke timoun nan ale ak paran oubyen moun li chwazi a lè yo lage,
- Pwofesè klas la pa kapab verifye ke elèv la monte bis la, epi
- Paran oubyen reskonsab la rele lekòl la pou fè konnen ke timoun nan pa rive lakay li nan lè nòmal.

Kontakte Biwo Transpò a pou tout timoun ki monte bis lekòl la.

Alète Enspektè epi Biwo Sekirite ak Pwoteksyon an.

Kontakte paran oubyen reskonsab.

Nan ka ijans, rele lapolis direktman. Otreman, Biwo Sekirite ak Pwoteksyon an ap kontakte yo avèk detay apwopriye yo apre li finn konsète avèk ou.

Pwosedi

Entèvyouve paran/moun ki fè premye rapò a.

Verifye ke yo pa wè timoun nan pou tout bon oubyen li disparèt.

Idantifye sikonstans disparisyon yo.

Detèmine kilè, kibò epi kilès kite wè timoun ki disparèt la an dènye.

Gade nan dosye elèv la, kenbe tout enfòmasyon enpòtan yo sou la men, nimewo ijans, verifye estadi dwa gad. (Si posib, foto)

Yon deskripsyon konplè timoun nan tankou rad, wotè, pwa, koulè po, mak katakteristik dwe disponib.

Fè konpilasyon yon lis zanmi /frekantasyon.

Baze sou tout enfòmasyon disponib, fè yon premye konklizyon sou ensidan an: sak pa fanmi enlèvman nan fanmi, fanmi anlèvman, pèt, blese oubyen otreman entwouvab oubyen disparèt. Direktè a oubyen moun li chwazi a ap disponib jiskaske yo lokalize timoun nan epi lap swiv pwosedi yo site la yo, lap kenbe tout enfòmasyon yo site anwo yo epi ap disponib jiskake yo lokalize timoun nan.

Transpò

Chak lekòl dwe genyen yon sistèm entèn pou asire ke timoun primè yo transpòte yo monte nan bis apwopriye yo.

Kontakte Depatman Transpò nan 617-349-6862 pou tout timoun yo transpòte ki disparèt.

Si la yo ke paran yo oubyen moun yo chwazi a pa rankontre bis la nan arè pwograme a pandan plis ke twa okazyon kapab pèdi privilèj bis la.

Dwa ak Privilèj

Dapre Lwa Massachusetts “yo pa dwe ekskli oubyen diskrimine okenn moun nan enskripsyon nan lekòl piblik kenpòt vil, oubyen pou jwen avantaj, privilèj epi klas etid nan lekòl piblik sa yo a koz de ras, koulè, sèks, relijyon, orijin nasyonalite oubyen oryantasyon seksyèl.”

Lekòl Piblik Cambridge yo angaje yo pou asire yon atmosfè kote tout elèv ka aprann epi patisipe nan tout aktivite ki genyen rapò ak edikasyon yo. Pinisyon Kòporèl sou kenpòt fòm entèdi ak tout fòs. Anplis, kenpòt konpòtman ki atake diyite lòt, mete l an kwa ak libète pou aprann, pa aksetab, oubyen kreye yon anviwonman akademik konfliktyèl pa akseptab epi yo dwe pran aksyon disiplinè kont yo. Anplis, yo pap tolere epi yo dwe pran aksyon disiplinè kont kenpòt entimidasyon, menas, asèlman, avilisman, imilyasyon oubyen lòt kondwit revanch kont elèv yo. Pèsonel lekòl la pap eseye ralanti oubyen dekouraje elèv oubyen paran yo rapòte bay ofisyèl lekòl yo kalite kondwit sa yo. Yo dwe rapòte tou swit bay Enspektè lekòl yo kalite konpòtman sa yo imedyatman.

Anba a wap jwen yon deskripsyon ki pa twò long règleman anti-diskriminasyon varye Lekòl Piblik Cambridge yo.

Akòmodyasyon Rezonab Politik ak Pwosedi

Se politik Lekòl Piblik Cambridge pou bay akomodasyon rezonab pou elèv ke yo konnen genyen enfimite fizik oubyen mantal. Demann pou akomodasyon yo prevwa nan seksyon 504 la pou elèv yo kapab fèt dirèteman nan 504 Koòdinatè nan lekòl elèv la. Koòdinatè 504 pou distrik lekòl la se Dr Kahris McLaughlin, Affirmative Action Officer, Cambridge Public Schools, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141, 617-349-6546.

Avi Dwa Dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973

Dwa sa yo aplike pou paran/reskonsab epi elèv ki rive nan laj majorite sivil, ki se 18 ane nan Massachusetts:

1. Paran/reskonsab oubyen elèv ki rive nan laj majorite sivil genyen dwa pou resevwa yon kopi avi dwa pwosediral yo lè lekòl distrik la idantifye, evalye, refize evalye, fè yon nouvo plasman edikatif, pa rekonèt yon nouvo plasman edikatif oubyen fè chanjman enpòtan nan plasman elèv la akòz de andikap oubyen andikap yo sispèk.
2. Paran/reskonsab oubyen elèv ki rive nan laj majorite sivil genyen dwa a yon evaliyasyon si distrik lekòl la genyen rezon pou panse elèv la genyen yon enfimite fizik oubyen mantal ki limite anpil kapasite aprantisaj oubyen kèk lòt aktivite enpòtan nan lavi l. Paran/reskonsab oubyen elèv ki rive nan laj majorite genyen dwa pou evaliyasyon sa anvan kenpòt plan akomodasyon epi anvan chanjman enpòtan rive nan plasman edikatif timoun nan. Yon ekzanp chanjman siyifikatif nan plasman edikatif se yon referans pou ekspilasyon.
3. Elèv la genyen dwa a yon edikasyon piblik apwopriye. Paran/reskonsab yo reskonsab pou menm kantite kòb paran/reskonsab yon timoun ki pa andikape.
4. Nan dènye limit posib, elèv la genyen dwa pou yo anseye l ak timoun ki pa andikape.
5. Paran/reskonsab oubyen elèv ki rive nan laj 14 ane oubyen ki nan 9èm ane genyen dwa pou ekzamine tout dosye pètinan lekòl yo kenbe sou elèv la.
6. Paran/reskonsab oubyen elèv ki rive nan laj majorite genyen dwa yon pwosesis odisyon fòmèl si yo vle konteste kenpòt aksyon Lekòl Piblik Cambridge yo nan sa ki gen rapò ak idantifikasyon etidyan yo, evaliyasyon, oubyen plasman dapre seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon an.
7. Si paran/reskonsab oubyen elèv ki rive nan laj majorite vle konteste yon aksyon ke yon ekip Seksyon 504 pran a apti yon odisyon jijman fòmèl, yo dwe soumèt yon Demann Odyans nan Bureau of Special Education Appeals (BSEA), 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148-4906, oubyen pa fax BSEA nan 781-338-3398. Yo dwe soumèt demann odyans ekri sa tou bay Enspektè Lekòl Piblik Cambridge yo, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141. Si paran/reskonsab oubyen elèv ki rive nan laj majorite sivil finalman an dezakò ak desizyon jij odisyon an, yo genyen dwa pou depoze yon plent nan tribinal distri federal pou yo chèche revizyon desizyon an.
8. Si paran/reskonsab oubyen elèv ki rive nan laj majorite sivil la genyen lòt pwoblèm ki antoure edikasyon elèv la ki pa espesifikman genyen rapò ak idantifikasyon, evaliyasyon oubyen plasman, paran/reskonsab elèv la ki rive nan majorite sivil genyen dwa pou prezante yon doleyans oubyen plent devan Koòdinatè distrik lekòl la seksyon 504, ki se direktè Aksyon Afimatif pou Lekòl Piblik Cambridge. Biwo sa chita nan premye etaj 159 Thorndike Street, Cambridge, Massachusetts. Nimewo telefòn Biwo Aksyon Afimatif se 617-349-6456.

9. Paran/reskonsab obyèn elèv ki rive nan laj majorite sivil genyen dwa pou depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon Eta Zini, 33 Arch Street, 9th Floor, Boston, MA 02110 telefòn: 617-289-0111; Faks 617-289-0150.

Edikasyon Espesyal

Lwa Federal ak Eta yo garanti dwa tout elèv pou yon edikasyon piblik lib epi apwopriye malgre enkapasite. Si ou panse ke pitit ou bezwen sèvis edikasyon espesyal, ou genyen dwa pou mande yon evaliyasyon pou timoun nan pou konnen si l elijib pou jan de sèvis sa yo.

Politik Aksyon Afimatif

Lekòl Piblik Cambridge yo genyen pou prensip jeneral chans egal nan tout aspè fonksyonman l, nan respè opòtinite akademik ak tavay. Li entèdi tou diskriminasyon sou baz ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, andikap, laj, estati matrimonyal oubyen veteran. Ransèyman sou aplikasyon politik sa dwe fèt direktman nan biwo Affirmative Action Officer, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141, 617-349-6456.

Lyazon Edikasyon San Abri

Lekòl Piblik Cambridge yo angaje yo pou bay timoun san abri ansanm ak jèn ki pa akonpaye yo aksè egal edikasyon piblik tankou yo bay tout lòt timoun Cambridge. Pou asistans pou pale de pwoblèm ki genyen rapò ak edikasyon timoun san abri epi jèn ki bezwen akonpayman yo dwe ale direktman nan biwo Direktè Sant Resous pou Fanmi am ki sèvi tankou Lyèzon Pou Edikasyon san Abri yo pou Lekòl Piblik Cambridge yo. Sant Resous pou Fanmi an chita nan 459 Broadway, Cambridge, Massachusetts. Nimewo telefòn se 617-349-6551.

Libète Rasanbleman

Elèv lekòl primè yo dwe gen dwa pou yo rasanble nan tout libète epi pasifikman epi pataje opinion yo ak avi yo. Elèv, patikilyèman sak nan klas premye ane segondè yo, ki ap planifye yon rassembleman oubyen reyinyon bezwen akò preyalab direktè oubyen asistan direktè a. Elèv yo gen dwa pou envite epi koute oratè ekstèn nan lokal lekòl la. Ofisyèl lekòl la kapab bezwen reglemante lè ak kibò diskou yo epi yo ka mande avi preyalab pou evite konfli epi asire pwoteksyon efikas kominote lekòl la. Yo mande pou elèv yo soumèt direktè oubyen asistan direktè a non oratè ekstèn yo pou apwobasyon a lavans. Ofisyèl lekòl la ap apwouve yon oratè ekstèn amwens ke yo genyen yon baz efektif sibstansyèl pou panse ke oratè sa ka lakoz dezòd enpòtan nan aktivite lekòl la. Reyinyon ouvè elèv ak reyinyon kominote eskolè yo se kote ki apwopriye pou prevwa jan de evenman sa yo.

Libète Ekspresyon

Elèv nan lekòl genyen sèten dwa konstitusyonèl tankou tribinal defini yo. Elèv yo gen dwa eksprime yo diferan fason, yo ka pale, ekri, mete oubyen afiche senbòl tankou boutonyè, badj, anblèm epi brasyèl, oubyen a travè medya oubyen lòt mwayen ekspresyon. Direktè a oubyen asistan direktè a kapab reglemante ekspresyon si genyen rezon sifizan pou kwè ke yon fòm ekspresyon kapab lakoz oubyen lakoz dezòd iminan epi enpòtan nan aktivite lekòl la. Jan de dezòd sa yo kapab sou tout kalite fòm rasim, pònografi, materyèl, deklarasyon difamatwa oubyen medizans, oubyen pwovoke lòt pou pa respekte règ lekòl la.

Libète Moun

Elèv yo genyen dwa pwoteksyon epi sekirite nan batiman, lakou lekòl la, pandan yap ale oubyen retounen soti lekòl, epi pandan kenpòt fonksyon lekòl la ap òganize. Elèv yo, anplwaye lekòl la oubyen fonksyonè lekòl yo pa janm dwe sou okenn fòm itilize fòs fizik pou koze oubyen eseye koze yon lòt elèv, pwofesè oubyen fonksyonè lekòl yo twomatism kòporèl. Yon pwofesè oubyen fonksyonè lekòl la kapab itilize fòs fizik si li rezonab epi nesèsè. Twa sitiyasyon kote yo pèmèt sa se:

- Pou retire nan men yon moun yon zam oubyen lòt bagay danjere,
- Nan ka lejitim defans, epi
- pou pwoteksyon yon lòt moun oubyen pwopriyete l

Bon sans ak eksperyans fè konnen kilè pou itilize fòs. Yo entèdi fòs fizik sou kenpòt fòm nan bi pou mete yon elèv nan lòd oubyen pou enpoze l yon pinisyon.

Politik Non-Diskriminasyon epi Entèdiksyon Kont Asèlman Seksyèl

Lekòl Piblik Cambridge yo pran angajman pou kenbe yon anviwonman edikatif epi yon milye travay kote sektarism ak entolerans, tankou diskriminasyon sou baz ras, koulè, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, kwayans relijye, andikap oubyen laj, pa genyen plas yo epi kote kenpòt fòm entimidasyon, menas, kontrent epi/oubyen asèlman ki atake diyite lòt epi ki lakòz entèferans nan libète moun nan pou aprann oubyen travay pa akseptab.

Lekòl Piblik Cambridge yo ranfòse ak anpil fòs entèdiksyon kont asèlman epi diskriminasyon seksyèl oubyen lòt, sou elèv li yo, oubyen anplwaye pa kenpòt ki moun, sa konprann kenpòt elèv, pwofesè, sipèvizè, co-travayè, kontraktè, oubyen lòt twazyèm pati, paske yon kondwit konsa ale nan sans kontrè misyon Lekòl Piblik Cambridge yo ansanm ak angajman pou chans egal nan edikasyon ak travay.

Diskriminasyon ak asèlman se yon konpòtman non dezire, ke l vèbal oubyen fizik, ki baze sou yon karakteristik ke la lwa pwoteje, tankou sèks, ras, koulè, zansèt, nasyonalite orijin, relijyon, laj, andikap, estati matrimonial, oubyen oryantasyon seksyèl. Lekòl Piblik Cambridge yo pap tolere kondwit asèlman oubyen diskriminasyon ki afekte anplwaye oubyen kondisyon edikatif yo, ki genyen entèferans ki pa rezonab ak lekòl yon endividi oubyen pèfòmans nan travay li, oubyen kreye yon anviwonam eskolè oubyen travay entimidans, ostil, oubyen blesan. Diskriminasyon epi/oubyen asèlman ki rive nan lekòl oubyen nan milye travay entèdi pa la lwa epi Lekòl Piblik Cambridge yo pap tolere l sou okenn pretèks. Pou klarifikasyon politik sa, “milye travay” oubyen “lekòl” vle di evenman lekòl la patwone, eskisyon, evenman espòtif, vwayaj ki gen rapò ak travay oubyen evenman sanblab ki konekte ak lekòl oubyen travay. Pi lwen, kenpòt reprezay kont yon endividi ki plenyen de diskriminasyon, asèlman oubyen reprezay; oubyen kenpòt reprezay kont kenpòt endividi ki kopere ak yon ankèt sou diskriminasyon, asèlman oubyen plent pou reprezay ilegal epi yo pap tolere l sou okenn pretèks.

Lekòl Piblik Cambridge yo pran alegasyon sou diskriminasyon ak asèlman oserye epi yap reponn a plent yo byen vit. Kote yo dekouvri ke kondwit ki pa apwopriye te rive, Lekòl Piblik Cambridge yo ap ajè rapidman pou elimine kondwit la epi ap enpoze aksyon kotektif nesèsè, sa konprann, aksyon disiplinè, sa ki ka rive jiska revokasyon oubyen disiplin ki gen rapò ak lekòl.

Ya kapab enfòmèlman pote yon plent konsènan pratik diskriminasyon prezime bay pwofesè elèv la, direktè oubyen dwayen an, Biwo “Affirmative Action Officer” oubyen Deputy Superintendent of Teaching and Learning. Tout de biwo Affirmative Action Officer ak Deputy Superintendent of Teaching and Learning chita nan 159 Thorndike Street, Cambridge, Massachusetts. Nimewo telefòn pou Affirmative Action Officer se 617-349-6456 epi nimewo telefòn pou Deputy

Superintendent of Teaching and Learning se 617-349-6418. Affirmative Action Officer trete tou plen ofisyèl konsènan pratik diskriminatwa prezime.

Koòdinatè Tit IX Coordinator

Koòdinatè Tit IX pou distrik lekòl la se

Dr. Kahris McLaughlin, Affirmative Action Officer, Cambridge Public Schools, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141, 617-349-6546.

Libète Relijyon

Lwa Jeneral Massachusetts chapit 151, seksyon 2B, prevwa ke:

Kenpòt elèv ki nan yon enstitisyon vokasyonèl oubyen edikatif, ki pa yon enstitisyon relijye oubyen denominatif oubyen fòmasyon vokasyonèl, ki pa kapab, akòz de kwayans relijye, ale nan klas oubyen patisipe nan ekzamen, etid, oubyen obligasyon travay yon jou an patikilye dwe benefisye yon eskiz pou ekzamen, etid, oubyen ekzijans travay sa yo, epi yo dwe ba yo opòtinite pou ratrape ekzamen, etid, oubyen ekzijans travay sa yo ke yo rate akòz de absans sa yo; sepandan ratrapaj sa yo pa dwe koze yon fado two lou pou lekòl la. Etablisman an pa dwe chaje okenn frè pou mete opòtinite sa a dispozisyon elèv sa yo. Elvè ki itilize dispozisyon seksyon sa pa dwe sibi okenn aksyon, okenn efè defavorab oubyen domajab.

Yo dwe anrejistre tankou yon absans eskizab absans elèv ki manke lekòl paske yap obsève yon fèt relijye. Dezyèmman, yo mande pwofesè yo pou pa prevwa okenn tès enpòtan, aktivite kilminan, papye enpòtan oubyen rapò jou sa yo. Finalman, pwofesè yo dwe bay elèv yo ase tan lè yo retounen nan klas pou ratrape devwa yo te bay pandan jou sa yo.

Angajman nan Direktiv Alejans yo

Lwa Jeneral Massachusetts: Chapit 71, Seksyon 69 prevwa ke:

Chak pwofesè nan kòmansman chak klas chak jou nan tout ane nan tout lekòl piblik yo dwe dirije klas la pou resite an gwoup sèman alejans pou drapo a “Pledge of Allegiance to the Flag.”

Patisipasyon nan sèman alejans la pa ekzijib pou okenn elèv. Yo atann aske elèv ki pa vle patisipe nan sèman an respekte volonte lòt ki vle fè l san yo pa entewonp yo ni deranje yo.

Vizitè nan Lekòl

Pou kenbe sekirite, yo mande tout vizitè yo pou pase nan biwo santral la anvan yo ale kenpòt lòt kote nan batiman lekòl la. Si yon vizitè akòz de konpòtman ki pa apwopriye deranje oubyen entèfere ak travay elèv yo, pwofesè yo oubyen lòt anplwaye yo ka mande pou l ale; oubyen si vizitè a ensiste pou l vizite nan yon lè ki pa pwopis, direktè a ka mete limit sou kapasite endividi sa pou vizite lekòl la, tankou men li pa rete la, mande pou pran randevou a lavans anvan vizit la, pou yon anplwaye lekòl la akonpaye l pandan l nan batiman an, oubyen entèdi l antre nan batiman. Si ou genyen keksyon sou règleman vizit lekòl la, pale ak direktè lekòl pitit ou a.

Kazyè Elèv

Anpil lekòl primè, espesyalman sa ki pi nèt yo, genyen kazyè pou elèv ki nan klas premye ane segondè yo. Yon kazyè yo se yon privilèj. Elèv ke yo bay yon kazyè dwe respekte kondisyon sa yo:

Yo dwe fè tout efò pou kenbe kazye yo fèmen epi pran an konsiderasyon entimite sa ki andedan yo.

Elèv yo pa dwe pataje kazye amwens ke moun reskonsab la otorize l.

Yo pap tolere grafiti oubyen kazye sal oubyen an dezòd.

Kazye yo se pou mete rad ak materyèl edikatif elèv yo tankou liv, kaye, pwojè, materyèl lekòl, dejene, etc.

Elèv yo dwe respekte règleman kazye lekòl yo, tankou orè pou ale nan kazye yo, etc,

Elèv yo dwe pran sa yap bezwen nan kazye yo nan fen jounen lekòl la. Si li nesèsè pou pran yon bagay nan kazye a apre lè lekòl, pèmision yon administrate nesèsè.

Kòm kazye a se pwopriete depatman lekòl la, lekòl yo kenbe dwa pou yo fouye kazye yo si genyen rezon pou panse ke yon kazye genyen kontrebann, zam, oubyen prèv ki kapab lye kazye a ak kontrebann trafik, oubyen si genyen danje menas fizik imedyà pou lekòl la oubyen anplwaye oubyen elèv lekòl la. Lekòl yo ap fè enpeksyon yo prevwa ak sa yo pa prevwa. Gade seksyon 4.0 Livrè Dwa ak Reskonsablite pou plis enfòmasyon sou règleman kazye.

Depatman lekòl la pa reskonsab pèt byen pandan ane eskolè a. Depatman lekòl la pa responsab non plis pèt byen yo kite nan kazye yo apre dènye jou lekòl la. Règ ak règleman sa yo ansanm ak pwosedi de baz lekòl yo aplike tou pou biwo elèv yo.

Politik Jeneral

Règleman sou Itilizasyon Akseptab Rezo Enfòmàtik (AUP)

Se politik Lekòl Piblik Cambridge yo pou yo itilize tout teknoloji yon fason reskonsab, legal epi ak etik, pou jwen aksè Rezo Lekòl Piblik Cambridge yo ak entènèt.. Rezo enfòmàtik Lekòl Piblik Cambridge yo la pou bi edikatif limite men li pa la tankou yon sèvis aksè piblik oubyen foròm piblik. Pou sa Lekòl Piblik Cambridge yo genyen dwa pou mete restriksyon sou itilizasyon sistèm nan, epi pou mande izaje yo respekte règ sistèm nan. Alòs ke genyen anpil resous valab sou entènèt la, genyen tou anpil sit ki pa konvenab pou elèv epi ki pa genyen okenn valè edikatif. Tout moun kap itilize Entènèt dwe itilize rezo enfòmàtik la ak reskonsablite pou garanti ke yo itilize l sèlman nan bi edikatif, epi li dwe konsistan ak aktivite akademik Lekòl Piblik Cambridge yo, epi lap sou sipèvizyon yon anplwaye Lekòl Piblik Cambridge. Ke itilizatè elèv ke granmoun dakò pou aksepte règ sa lè yap itilize resous rezo enfòmàtik Lekòl Piblik Cambridge yo.

Li entèdi pou itilize resous rezo enfòmàtik Lekòl Piblik Cambridge yo pou kenpòt aktivite ilegal oubyen kòmèsyal.

Lekòl Piblik Cambridge yo itilize yon sistèm filtè pou prevni aksè sou sit ki pa apwopriye pou edikasyon.

Sepandan, li enpòtan pou konprann ke pa genyen solisyon pafè epi Lekòl Piblik Cambridge yo pa kapab garanti ke elèv yo pap janm kapab antre sou yon sit ki pa apwopriye. Se reskonsablite elèv la pou rapòte pwofesè a kenpòt sit ki pa apwopriye epi retounen sou sijè edikatif yo bay la.

Pwofesè, administratè ak lòt anplwaye lekòl kap itilize Entènèt kòm pati ansèyman yo kapab rele Direksyon Depatman Sistèm Enfòmàtik la (MIS) pou mande ke yo debloke obyen bloke yon sit espesifik. Desizyon sa yo, se moun ki reskonsab pou siveye sistèm filtraj CPS la an konsiltasyon ak anplwaye lekòl apwopriye ki kapab pran yo.

Itilizasyon rezo enfòmatrik Lekòl Piblik Cambridge yo, ansanm ak entènèt, se yon PRIVILEJ se pa yon dwa. Li enpòtan pou tout anplwaye Lekòl Piblik Cambridge, elèv ak paran/reskonsab elèv yo konprann ke kenpòt violasyon Règleman Itilizasyon Akseptab Lekòl Piblik Cambridge yo kapab genyen pou rezilta pèt privilèj Entènèt, rezo enfòmatrik epi/oubyen emel, epi/oubyen aksyon disiplinè, epi/oubyen pouswit dapre lwa federal ak eta a. Lekòl Piblik Cambridge yo pa bay okenn garanti, ni ekspès ni tasit, sou sèvis li bay yo. Lekòl Piblik Cambridge yo pap reskonsab okenn domaj, sa konprann men pa sa sèlman, pèt done, entèripsyon sèvis, reta, non-livrezon, oubyen erè livrezon ke kenpòt rezon lakoz.

Lekòl Piblik Cambridge yo pa reskonsab ekzaktitid obyen kalite enfòmasyon ke yo jwen oubyen stoke a travè rezo a, epi itilizasyon kenpòt nan enfòmasyon sa yo se sou pwop risk pa ou. Lekòl Piblik Cambridge yo pap reskonsab okenn angajman finansye ki rive a pati itilizasyon rezo a.

Itilizatè reskonsab rezo a pap itilize rezo enfòmatrik Lekòl Piblik Cambridge yo, sa konprann men pa rete la aksè Entènèt epi emel pou:

- (a) bi komèsyal kelkanswa
- (b) ensitasyon politik, malgre ke itilizatè yo ka itilize sistèm nan pou kominike ak reprezantan epi pou ekspriye opinyon yo sou keksyon politik
- (c) pou aktivite ilegal
- (d) pou afiche, revele oubyen pwopaje enfòmasyon kontak pèsònèl yo menm oubyen lòt moun, tankou non, adrès, telefòn, lekòl obyen adrès travay, san pèmisyon a lavans administratè lekòl la, epi pèmisyon ekri a lavans endividi ke yap poste enfòmasyon pèsònèl li yo
- (e) pou afiche, revele oubyen pwopaje enfòmasyon dosye elèv san pèmisyon a lavans administratè lekòl la, epi pèmisyon ekri a lavans paran/reskonsab elèv la amwens ke règleman Massachusetts sou dosye elèv pèmèt jan de revelasyon sa yo
- (f) pou afiche oubyen otreman pwopaje yon mesaj ke yo te voye pou yo an prive san pèmisyon moun ki te voye mesaj la. Dispozisyon sa pa entèdi yon itilizatè pou revele rapidman yon pwofesè oubyen administratè lekòl la kenpòt mesaj yo resevwa ki pa apwopriye oubyen fè yo santi yo pa an sekirite
- (g) pou asele oubyen enfòmasyon pou ofanse yon lòt moun
- (h) pou afiche yon chenn lèt, angaje ou nan spamming oubyen nan kenpòt kominikasyon sou rezo enfòmatrik la ki pa apwopriye

Itilizatè reskonsab rezo a ap:

- (a) pap janm revele enfòmasyon pèsònèl okenn itilizatè, tankou adrès, nimewo telefòn, nimewo kat kredi, nimewo sosyal sekirite, amwens yon otorizasyon ekri; epi elèv itilizatè pap janm dakò pou rankontre yon moun ke yo rankontre sou entènèt san apwobasyon paran/reskonsab
- (b) fè yon administratè sistèm konnen kenpòt pwoblèm sekirite li idantifye sou rezo enfòmatrik la
- (c) reskonsab nan itilizasyon kont yo tout tan
- (d) rekonèt ke genyen sèlman entimite limite nan kontni emel, done, fichye pèsònèl sou rezo a, epi ke yap fè antretyen regilyèman sou sistèm nan, rantr epi siveyans mesaj ak fichye ka fèt nan de sikonstans ki pa apwopriye
- (e) rapidman revele pwofesè a oubyen administratè lekòl la kenpòt sit entènèt ke yo lokalize oubyen resevwa ki pa apwopriye oubyen fè yo pa santi yo an sekirite
- (f) pa eseye rantr sou rezo enfòmatrik Lekòl Piblik Cambridge yo oubyen kenpòt lòt rezo oubyen dèyè aksè otorize itilizatè a, fè tantantiv delibere pou pètibe oubyen detwi done ak pwopagasyon viris òdinatè oubyen kenpòt ki lòt fason, oubyen otreman vandalize, trafike, detwi oubyen

entèfere rezo enfòmatrik la, ak pwogram, done, fichye oubyen kenpòt lòt enfòmasyon elektwonik oubyen aparèy

(g) onore dwa legal pwodiktyè pwogram yo, founisè rezo, dwa otè epi akò lisans

(h) pa itilize sistèm nan pou rantre materyèl profane oubyen obsèn (i.e., pònografi), ki preche zak ilegal, ki fè pwopagann vyolans oubyen diskriminasyon sou lòt moun (i.e., la hèn), oubyen ki ilegal (i.e., aza).

Disiplin

Kenpòt vyolasyon règ sa ka genyen pou rezilta anilasyon privilèj rezo yo epi/oubyen aksyon disiplinè apwopriye an akò ak règ Lekòl Piblik Cambridge yo, epi aksyon legal, si apwopriye.

Yo kapab entèdi aksè nan rezo a, nan diskresyon depatman lekòl la, kenpòt itilizatè ki prezante yon risk sekirite oubyen genyen istwa pwoblèm ak lòt sistèm enfòmatrik.

Depatman lekòl la ap kopere totalman ak fonksyonè eta lokal oubyen federal nan kenpòt ankèt ki genyen rapò ak aktivite ilegal ki fèt sou rezo a.

Kòd Etik Pwogram

Diplikata ki pa otorize dwa otè pwogram òdinatè yo an vyolasyon ak lwa a epi kontrè ak kondwit estanda Lekòl Piblik Cambridge. Lekòl Piblik Cambridge pa apwouve kalite kope sa yo epi rekonèt prensip kap swiv yo kòm baz pou prevni sa rive:

- * Lekòl Piblik Cambridge yo pap angaje ni tolere nan fè oubyen itilize kopi pwogram ki pa otorize yo nan okenn sikonstans.
- * Lekòl Piblik Cambridge yo ap founi pwogram ke li achte legalman pou ranpli bezwen lejitim pwogram yo bezwen nan yon tan pa twò long epi an kantite sifizan pou tout òdinatè ki bezwen pwogram sa.
- * Lekòl Piblik Cambridge yo ap respekte tout lisans ouyen kondisyon acha ki reglemante itilizasyon kenpòt pwogram Lekòl Piblik Cambridge yo achte oubyen itilize.
- * Lekòl Piblik Cambridge yo ap ranfòse kontwòl entèn solid pou prevni fabrikasyon oubeyn itilizasyon kopi pwogram ki pa otorize, tankou mezi efektif pou verifye konfòmite avèk estanda epi mezi discipline vyolasyon estanda sa yo.

Règleman Anti-Tirani

Distrik Lekòl Piblik Cambridge yo angaje yo pou kreye anviwonman aprantisaj sekirite, sosyal, respektye pou tout elèv epi ranfòse kondanasyon kont kenpòt moun kap tiranize elèv li yo. Inisyativ baze sou sit, ki devlope ak kolaborasyon administrasyon ak anplwaye lekòl, elèv, fanmi ak manm kominote ap chèche pou: (1) ede elèv tout laj ak kapasite rete an sekirite, aji ak sajès, epi kwè nan tèt yo: epi (2) ede adilt yo reponn rapò elèv yo ansanm ak pwòp obsèvasyon yo efektivman.

Tirani agresif, entansyonèl oubyen konpòtman delibereman malveyan yon elèv kont yon lòt. Tirani ka pran plizyè fòm epi li kapab rive nan kenpòt kad. Tirani ka konprann, men pa kanpe la, entimidasyon tankou bay non oubyen menas; elwayman sosyal tankou piblikasyon oubyen pwopagasyon rimè; oubeyn agresyon fizik tankou atak sou elèv oubyen atak sou zafè elèv.

Tirani ka kreye yon atmosfè perèz pou tout manm kominote lekòl la. Li kapab kreye tou anksyete ki pa nesenè epi enjistifye ki afekte kapasite yon elèv pou ale lekòl, aprann, mache nan koulwa

lekòl la, manje nan kafeterya lekòl la, jwe nan lakou lekòl la oubyen nan zòn rekreyasyon yo, patisipe oubyen ale nan aktivite espesyal, oubyen ekstra eskolè, oubyen ale vini lekòl. Konpòtman tirani yo ke yo pa rezoud kapab menmen konsekans devastatè pou jèn, tankou depresyon, diminye nan pèfòmans lekòl ak prezans. Echèk abode konpòtman tirani bay lòt elèv yo tou mesaj ke li otorize pou angaje nan konpòtman negatif.

La lwa entèdi tirani nan lekòl yo epi Lekòl Piblik Cambridge yo pap tolere l. Pou finalite règleman sa, “lekòl” konprann lekòl yo, teren lekòl yo, aktivite sosyal ke lekòl patwone, eskisyon, evenman espòtif, oubyen aktivite ak fonksyon sanblab lekòl patwone epi vwayaj ale retou lekòl epi /oubyen nan aktivite lekòl patwone.

Lekòl Piblik Cambridge yo pran akizasyon tirani oserye epi yap reponn plent ak akizasyon tirani rapidman. Kote yo detèmine ke kondwit inapwopriye te rive, Lekòl Piblik Cambridge yo ap ajì rapidman pou elimine kondwit la epi enpoze aksyon korektif kòm sa dwa, sa ki ka sitiye ant ekzije delenkan an travay ak anplwaye lekòl sou meyè konpòtman, rekòmandasyon pou resevwa terapi oubyen lòt sèvis terapeitik epi/oubyen aksyon disiplinè kote apwopriye, jiska sispansyon, eksklizyon epi/oubyen patisipasyon tribinal. Yo dwe atire atansyon direktè a, asistan direktè oubyen dwayen ti kominote ansèyman lekòl pitit ou a sou enkyetid tirani. Si yo pa kapab rezoud enkyetid ou yo nan nivo lekòl la, ou kapab depoze yon deklarasyon ekri nan biwo Sipleyan Enspektè Ansèyman ak Aprantisaj nan 159 Thorndike Street, Cambridge, Massachusetts.

Enfòmasyon sou Anrejistreman Kriminèl

Lekòl Piblik Cambridge ap chèche bay yon aviwonman aprantisaj sekirite pou elèv li yo ansanm ak yon anviwonman travay sekirite pou anplwaye l yo. Pousa, se politik Lekòl Piblik Cambridge, an akò ak dispozisyon M.G.L.c. 71, §38R, ke Chapit 385 Lwa 2002 epi M.G.L.c. 6, §172I amande, pou fè verifikasyon antesedan kriminèl (“CORI checks”) chak peryòd epi omwen chak twa ane sou anplwaye aktyèl epi evantyèl, moun kap bay sèvis sou kontra, volontè epi moun kap asire sèvis transpò tankou anplwaye konpayi taksi, tout sou tretan oubyen travayè kap travay sou pwopriyete lekòl la epi lòt endividi ki kapab genyen kontak dirèk oubyen kontak ki pa kontwole ak timoun. Verifikasyon CORI ap fèt sou anplwaye aktyèl oubyen evantyèl epi moun kap bay sèvis anvan yo anplwaye yo epi /oubyen pase kontra epi sou kenpòt volontè anvan yo aksepte moun nan tankou volontè.

Règleman sou Ekskisyon

Komite Lekòl Cambridge rekonèt ke ekperyans premye men ke eskisyon ak vwayaj lekòl patwone yo ofri se mwayen aprantisaj ki pi efikas epi ki vo lapèn, pakonsekan Komit Lekòl Cambridge ankouraje eskisyon ak vwayaj ke lekòl patwone ki genyen valè edikatif enpòtan, ki genyen rapò ak pwogram ak kourikoulòm, dapre direktif Enspektè Lekòl yo etabli.

Direktif ke Enspektè Lekòl yo etabli dwe abòde pwosesis filtrasyon, evalye epi apwouve eskisyon ak vwayaj ke lekòl patwone nan lide pou garanti ke yo pran tout etap pou asire sekirite patisipan yo. Anplis, direktif yo dwe ekzije akò a lavans direktè a pou tout eskisyon oubye vwayaj ke lekòl patwone, epi akò a lavans enspektè Lekòl yo epi/oubyen moun li chwazi a pou tout vwayaj andedan ou deyò Eta ou peyi a. Deplis direktif yo dwe etabli pwosedi pou asire ke: (i) tout elèv yo genyen pèmasyon paran pou vwayaj yo; (ii) tout vwayaj sipèvize kòm sa dwa; (iii) yo respekte tout prekosyon sekirite yo, epi (iv) tout vwayaj yo kontribye sibstansyèlman nan pwogram edikasyon an. Eskisyon ak vwayaj lekòl patwone yo pa dwe ekzije apwobasyon Komite Lekòl Cambridge la.

Apwobasyon tout eskizyon ak vwayaj lekòl patwone yo dwe sou kondisyon. Yo kapab revoke apwobasyon yo si genyen chanjman nan sikonstans yo, ke se a koz lòm oubyen la nati, ki mande anilasyon eskizyon ouvyen vwayaj lekòl patwone nan interè sekirite elèv ak anplwaye Lekòl Piblik Cambridge yo.

Lekòl Piblik Cambridge yo ak Komite Lekòl Cambridge la pap pran responsablite okenn obligasyon finansye ki se rezilta planifikasyon eskizyon oubyen vwayaj lekòl patwone, oubyen pou tout lajan ki pa ranbousab oubyen pèdi akòz anilasyon eskizyon oubyen vwayaj sa yo.

Yo pa dwe refize okenn elèv patisipe nan eskizyon oubyen vwayaj òganize akòz de enkapasite finansye pou peye frè yo. Chak klèb, ekip oubyen gwoup genyen responsablite pou rasanble tout lajan yo bezwen pou finansye eskizyon oubyen vwayaj lekòl patwone ke yo pwopoze yon gwoup elèv. Okenn ranmasaj lajan oubyen lòt preparasyon pou yon vwayaj oubyen eskizyon pa dwe fèt tout tan yo pa jwen apwoval pou li. Depatman Lekòl Piblik Cambridge oubyen Komite Lekòl Cambridge pa genyen okenn sipò finansye disponib pou okenn vwayaj pandan lannwit, andeyò Eta oubyen peyi a.

Depatman Lekòl Piblik Cambridge oubyen Komite Lekòl Cambridge pap responsab okenn depans ki se rezilta desizyon yon chaperon pou voye yon elèv patisipan lakay li anvan lè ki te prevwa pou retounen akòz de konpòtman ki pa akseptab elèv la. Elèv ak paran/responsab yo ap responsab kenpòt domaj nan otèl, pwopriete lwe, pwopriete reyèl oubyen pèsònèl. Paran dwe aksepte peye kenpòt domaj ke pitit yo ta fè epi /oubyen ede fonksyonè lekòl yo nan koleksyon lajan nesèsè pou fè l.

Pou tout eskizyon ki mande transpò, transpò a dwe asire pa yon konpayi ki lisansye pou fè afè ak Commonwealth of Massachusetts epi genyen lisans Federal Motor Carrier Safety Administration pou transpòte pasaje, oubyen yonn nan machin Lekòl Piblik Cambridge yo apwouve, tankou MBTA, bis, tren oubyen lòt fòm transpò piblik. Tout sèvis lokasyon pou eskizyon oubyen vwayaj lekòl patwone yo dwe asire pa yon transpòte komen ki genyen lisans Commonwealth of Massachusetts pou founi sèvis lokasyon epi ki genyen lisans Federal Motor Carrier Safety Administration pou transpòte pasaje. Tout kontraktè kap asire transpò pou eskizyon ak vwayaj lekòl yo dwe bay prèv ke yo genyen lisans Commonwealth of Massachusetts pou kondwi machin yap itilize pou asire transpò a, epi/oubyen lokasyon sèvis pou eskizyon an. Tout konpayi transpò dwe tou kenbe yon asirans responsablite ak yon minimum \$ 500,000 (senk san mil dola) pou chak blezi kòporèl. Yo pa dwe itilize yon konpayi transpò pou asire transpò epi /oubyen sèvis lokasyon pou eskizyon oubyen vwayaj lekòl patwone si li genyen yon estimasyon “kondisyonèl” oubyen “ensatisfezan” ke Federal Motor Carrier Safety Administration publiye. Yo pa dwe entèprete anyen nan règleman eskizyon sa kòm entèdiksyon pou elvè yo mache apye pou ale nan yon.

Itilizasyon machin prive oubyen lokasyon venn pou transpòte elèv ale epi tounen nan eskizyon, evenman atletik oubyen vwayaj lekòl patwone entèdi ak tout fòs, eksepte nan ka ijans serye. Detèminasyon ekszistans yon ijans serye ap fèt pa direktè epi/oubyen Gid vwayaj la si Direktè a pa la. Anplwaye ak paran ki itilize machin pa yo pran risk pou yo responsab legalman kenpòt blezi ki ta rive yon elèv pandan li nan machin yo a.

Yo dwe fè aranjman pou lannwit a lavans ak pwoteksyon ak serikite a lespri, tout lè l posib, yo dwe evite vwayaj ant minwi ak 6:00 a.m., itinerè vwayaj yo dwe kite ase tan pou chofè a repoze selon ekzijans federal sou lè sèvis ak bon sans epi pran an kont tout reta akòz de tan an, blokis ak faktè yo pat prevwa.

Ou ka jwen gid espesifik pou eskizyon sou paj règleman sou sit entènèt noun an www.cpsd.us/cpsdir/school_policies.cfm.

Vaksinasyon

Lwa Eta a mande anvan enskripsyon lekòl pou tout timoun pran vaksen kont difteri, pertussis (whooping cough), tetanòs, laroujòl, rubeyòl, mal mouton, polyo ak epatit B, ansanm ak lòt maladi atrapan ke departman sante piblik ka ajoute de tan zan tan. Paran/ reskonsab yo reskonsab pou kenbe vaksinasyon yo ajou.

Patisipasyon Paran/Fanmi

Lekòl Piblik Cambridge rekonèt ke fanmi se premye pwofesè timoun yo. Kòm nou tout ta renmen epi merite respè pou fanmi nou ansanm ak diferans kilti nou, Lekòl Piblik Cambridge ankouraje chak elèv, manm fanmi epi edikatè yo pou yo sansib epi respekte diferans imen nan tout kominote lekòl la. Yo ankouraje fanmi pou: (a) pran konsyans de sa pitit yo ap aprann; (b) poze keksyon sou edikasyon pitit yo; epi (c) sipòte aprantisaj pitit yo. Bi patisipasyon paran/fanmi an nan Lekòl Piblik Cambridge se devlopman yon patenarya ant fwaye yo ak lekòl la pou garanti ke tout timoun tounen etidyan pèpetyèl reyisi. Pou yon kopi Règ Patisipasyon Paran/Fanmi Lekòl Piblik Cambridge kontakte direktè lekòl pitit ou a.

Règ Promosyon ak Retansyon

Komite Lekòl Cambridge rekonèt ke chak timoun devlope a yon ritm inik sosyalman, emosyonèlman epi entelektyèlman, epi yo dwe bay chak timoun opòtinite pou pwogrese kontinyèlman a travè anviwonman kominote lekòl la, ki reponn a diferan bezwen yo. Yon elèv an difikilte kapab chanje klas si nan jijman direktè a, baze sou apò anplwaye lekòl la ansanm ak paran/reskonsab, avansman an nan pi bon enterè elèv la.

Yo atann aske elèv yo pwogrese nan nivo klas la. Lè yon elèv genyen pwoblèm pou l rive nan estanda mwayèn klas la, anplwaye lekòl la, elèv, ak paran/reskonsab yo ap travay ansanm pou mete sou pye sèvis sipò pou ede elèv la reyisi. Yo dwe konsidere double klas la tankou dènye rekou epi sa dwe rive sèlman apre ekzamen konsyansye epi ekzekisyon yon plan entèvansyon. A leksepsyon elèv jaden danfan ke yo kapab kenbe nan menm klas pou yon lòt ane akòz de laj, yo pa dwe double yon elèv plis ke yon fwa anvan l antre nan lekòl segondè. Desizyon yo pran pou elèv ki genyen IEP yo dwe konsistan ak rezilta ekip IEP a. Desizyon pou double yon elèv dwe rete desizyon direktè lekòl K-12, apre konsiltasyon ak manm ekip apwopriye ansanm ak paran/reskonsab. Nan lekòl elemantè, si paran/reskonsab la pa dakò ak desizyon direktè a, direktè a ap ekri yon lèt pou yo mete nan dosye kimilatif elèv la ki sètifye rekòmandasyon l, pandan ke yap pèmèt paran/reskonsab la pran desizyon final la. Nan nivo segondè, akimilasyon nòt apwopriye yo detèmine estati mwayèn enskripsyon elèv la amwens ke rezilta ekip IEP a detèmine yon lòt fason.

Yo pa dwe double oubyen pèmèt okenn elèv ki boukle ak satisfaksyon yon etap rebran yon klas pou l kapab amelyore kapasite l oubyen ralonje elijiblite l pou patisipe nan pwogram atletik ekstra eskolè.

Administrasyon Medikaman preskri ak Jessyon Alèji Grav ak Manje nan Lekòl

Se politik Lekòl Piblik Cambridge yo pou mete pwosedi an plas pou administrasyon nòmal epi sekirite medikaman yo preskri elèv ki ale nan Lekòl Piblik Cambridge yo, epi pou abòde pwoblèm jessyon alèji grav ak manje nan lekòl la. Nou kapab jwen pwosedi ki kore politik sa sou sit entènèt www.cpsd.us. Si pitit ou bezwen yo ba li medikaman

preskri pandan jou lekòl, oubyen yon plan pou jere alèji grav li devlope ak manje, kontakte direktè lekòl la.

PAGE 23

KOMITE LEKOL CAMBRIDGE

Mayor E. Denise Simmons, Chair

Marc McGovern, Vice Chair

Alfred B. Fantini

Joseph G. Grassi

Patricia M. Nolan

Luc Schuster

Nancy Tauber

Marilyn Y. Bradshaw, Executive Secretary

ENSPEKTE LEKOL YO

Jeffrey Young, Ed.D.

Enspektè Sipleyan

Carolyn L. Turk, Ed.D.

Direktè Jeneral Operasyon

James Maloney

Direktè Jeneral Finans

Claire Spinner

Konseye Legal

Maureen A. MacFarlane

Direktè Ekzekitif Resous Imèn

Barbara Allen

Direktè Ekzekitif Edikasyon Espesyal

Aida M. Ramos

Direktè Ekzekitif Reyalizsyon ak Kourikoulòm Elèv

Maryann MacDonald

Direktè Enfòmasyon Piblik ak Kominikasyon

Justin T. Martin

Lekòl Piblik Cambridge

Biwo Administratif

159 Thorndike Street

Cambridge, MA 02141
617-349-6400
www.cpsd.us